

# МагIарулай

5.2022

ISSN 0132-9723



Это мудрая и самоотверженная женщина, и сила ее слова известна не только в Республике Дагестан. В самые трудные дни она всегда была там, где люди нуждались в ее помощи и поддержке.

Владимир ПУТИН

Исана 90 сон тIубалеб буго Дагъистаналъул Халкъияй шагIир Фазу ХIамзатовна ГIалиева гьаюралдаса.

Гьей йикIана гьунар тIокIай шагIир, гIемерал ракIалдаса унарел асаразул автор, жамгIияй хIаракатчIужу, ВатIаналъе пайдаял лъикIал васал гIезарурай эбел, мугIрузул улкаялъул дунялалдаго цIар рагIарай чIужугIадан.

Гьелъул цIаралда хурхараб буго гIемермиллатазулаб Россиялъул адабияталъул тIубараб гIасру. ГIемерал соназ Фазу ГIалиеваль цебетIезабуна Дагъистаналъул адабиятги. Гьей лъала ва йокьула, цо нилъер хIукуматалда гурейги, къватIисел пачалихъаздаги, жиндирго рагIиги ккурай, пикруги гъваридай, бажариги бугей, ВатIанги хирияй шагIир ва гIадан хIисабалда.



РикIкIкен тун гIемерал мацIазде руссинарурал, жидеть Дагъистаналъул рухIги, махIги, берцинлъиги, къадруги, къуватги, гIелмуги, гIакълуги бессарал гьелъул асарал лъугьана нилъер пачалихъияб маданияталъул цо бутIалъун.

Гьединго кIудияб къимат кьезе ккола Фазу ГIалиеваль, щулияб хъизан цIуниялъе, гIун бачIунеб гIел ВатIан бокьулеллъун куцаялъе, гьезие рухIияб тарбия кьеялъе гьабулеб букIараб жамгIияб хIалтIуеги. Бищун нилъер Республикаялъе захIматал соназ, Дагъистаналъул руччабазул союзалъул нухмалъулей хIисабалдаги, гьелъ киналго руччабазул къварилъи жиндирго рекIелъан биччана. Гьелда ратулаан эмен, вац, вас камурал руччабазда абизе бищунго хIажатал рагIаби, кIолаан гьезул ракIазе цодагьабниги бигьалъи кьезе.

Жакъасеб ахIвал-хIалалдаги ракIалде ккола, нилъер пачалихъалъул тарихалда кIудияб лъалкI тарал Фазу ГIалиевалъул 90 сон тIубай ва Расул ХIамзатовас 100 сон тIубай гIадинал тадбиразул кIудияб кIвар бугилан.

Гьаб хIалуцараб заманаялъ, Фазу ГIалиевалъул творчествоялда бищун кIудияб бакI ккoлеб, рагъул ва ракълил тема цIакъго хIажатаблъун буго. 38 поэмаялъул 13 Фазуца хъвана нилъер халкъалъул бахIарчилъиялъул ва къохIехьеялъул хIакъалъулъ. Гьелъул киналниги асаразул аслияб пикру буго – рекъел цIуни. «Рекъел» Фазуе гIадатияб рагIи гуро, гьеб буго гьелъул гIумруялъул магIна. Гьелъ ракълил хIакъалъулъ хъван течIо, гьелъ гIемераб хIалтIи гьабуна халкъазда гьоркьоб рекъел цIунялъе ва гIолеб гIел ВатIан бокьулеблъун, жидер миллияб гIадат-гIамал ва рухIияб бечелъи цIунараблъун куцаялъе гIоло.

**Дагъистан Республикаялъул БетIер Сергей МЕЛИКОВ**



ТIугъдул лъолел руго Дагъистаналъул БетIер Сергей Меликовас ва Россиялъул Федерациялъул Советалъул Председатель Валентина Матвиенкоца

## РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ



…МагIарулаз абула, гIолохъанаб бартул хIал
Бищун цебе захIматаб сапаралда лъалилан.
МагIарулаз абула, тIинчIаб цIудул кьвариги,
Кьерхадул накIкIал рорлъун, боржунаго тIатунин.

# «Рогьел гьоркьоб биччаге...»

РакIалде ккола, бищунго гIемараб мехалъ чиясул рекIелъ хутIулин гьитIинаб мехалъ рекIее лъугьараб асар. Гьале жакъа къоялде щвезегIанги дида ккола дун дирго гьитIинаб росулъ, мискинабго рокъоб, чIарбида тIамураб бусада макьидаса йорчIулей йигин ва гордухъан мугIрузул гIатIилъи цебе чIолеб бугилан.

…ГIинда чIвалеб буго. нижедаса юргъанги нахъе цIалаго, дахIабабал гьаракь – рогьел гьоркьоб биччаге! Рахъа, рахъа тIаде, хIанчIи чIирчIилел руго! Гьел лъабабилеб нухалъ руссана тIанчIазухъе квенги босун. Гьез щибилан ахIулеб бугебали рагIулеб бугищ нужеда?! Рогьел гьоркьоб биччагейилан!!

ГьитIинго дида кколааан гьаб дунял гьадаб нижер росдада цебе бугеб магIардасан байбихьулилан ва нахъа бугеб магIарда лъугIулилан. Амма КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьидал бичIчIана дида нилъер ВатIан, рагIа-ракьан гьечIебгIан, кIудияб букIин. КIудиявги гIун Москваялда Литературияб институталде лъугьиндал, гьелъ рагьана дие, Россиялъул гуреб, дунялалъулго адабиятalде кIудияб каву. Дун щвана гIемерал къватIисел улкабазде ва дирго кучIдузулъ ва кIалъаязулъ кIодо гьабуна нилъерго ВатIан. ГIемерал улкабазде щванагIан щулалъулеб букIана дир рекIелъ гьитIинабги кIудиябги ВатIаналде рокьи.

Дир цIалдолел, дие рокьула ракI рагьарал шагIирзаби. ШагIирасул ракIбацIцIалъиялъ гьабула гIадамазе бищунго кIудияб асар. ТIолабго гIумруялъ, бахъун хъатиниб лъураб ракI гIадин, рагьун бицана дица дир цIалдолезе дирго пикрабазул, рохелалъул, ракIбакъваязул. Дир хIалбихьиялдаса пайда босизе бокьарав чиясда дир шигIрабазулъ батила рагьараб ракIги дир пикрабиги. Нужеда цебе буго дир шигIрияб дунял – дир гIумру. Щибаб дица цIалеб хIухьлалъ букIана ВатIан цIунизе таваккалги, рокьиги, ракълиде ахIиги ва щибав ватIанцоясухъ рахIатхвейги, гьесул рекIел парахалъи цIунизе бокьиги.

Рекъел цIуниялъул комитеталда хIалтIулаго бараб 27 сон, хасго СССР бихун хадусел сонал рукIана рекIеде цIакъго хIал ккарал, нилъер халкъалда ракIунтарал. РекъелцIуниялъул хIалтIуда ва командировкабазда цадахъго, архивазда хъирщадун, цIиял темаби ралагьун, асаразда тIад хIалтIиги букIана. ЦIакъ дица адаб гьабулел, гьезул дарсазухъ гIащикъал кIудиялги къадруялги гIадамалгун дандчIвана дун ва гьелгунги дандрана дирго пикраби. Сордо рогьунаан пикрабалъ, цееги яхъун дицаго гьабизе бугеб кIалъаялъул щибаб мицIцIир рекъезабулаго. ХIаракат бахъулаан дирго умумузулъан дие щвараб бищунго берцинаб, къиматаб, къадруяб, нилъерго халкъалъухъе кьезе. ГIолохъанаб мехалъ гьадингоябин кколебги, санал анагIан гъварилъула ва борхалъула. Гьелдаса хадуб бачIуна бичIчIи, щай нилъер умумуз гьадигIан цIакъ нилъерго гIадат-гIамал цIунулеб букIарабали. Дие гIумруялъ щвараб щинаб, дирго рекIелъги цIунун, дица тIанчида хъван тана, цIалдолезухъе щвезе букIине.

КучIдул руго дир гIумруялде бугеб бербалагьи. Гьел руго, халкъияб иццда кIалги чIван, дица гьекъарал шигIраби. Пулеб-балеб сордоялъ магIарухъ бакараб чирахъ лъолаан гордухъ, нухкъосун ккарав

нухлуласда нух бихьизе, гьесда рикIкIадасанго гьанир гIадамал рукIин лъазе ва гьев гьеб чирахъул канлъухъе тIаде вачIине. ГIемерав чи хвассарлъана гьедин. Дица гIемераб пикру гьабулаан гьеб магIарул гIадаталъул. Дунго гIемер ана гIадамазул ракIазул кунчIиялда хадуй рагIа-ракьан гьечIеб Россиялъул рукъзабахъе, гьезул рекIел кIутIи рагIун. Гьез дун бищун къиматай гьобол хIисабалда къабулги гьаюна. КIудияб ВатIаналда цоиги бокIон гьечIин абизе бегьула, гьеб рекIел кунчIиги бихьун, дун щвечIей. Щибаб рекIел хIенехIги босун унаан дун гьениса. Гьел дандчIваял рукIана рекIедаса рекIеде лъурал кьоял ва цолъизарулеб къуват. ЦIакъ бокьилаан дир кучIдузги сунареб хинлъиялъул ва канлъиялъул цIа бакизе щивасул рекIелъ, гьел гьудуллъиялда ва ракълида рукIине даимго. Бокьилаан щибаб дир рагIиялъ къварилъиялда ругезе сабру ва лъикIаб букIинеселде хьул бижизабизе, божилъи лъугьинабизе.



Хирияв дир цIалдолев, хьул буго дица рорчIарал сардалги, лахIзаталги, дир кучIдулги дуе рохел бикьулел, пикраби гьаризе тIамулел, дуда аскIор хутIилилан.

ГIедегIун йиго… Рогьел борчIун иналде!... ГIинда багъилеб буго дахIабабал гьаракь: «Рогьел гьоркьоб ине биччаге! ТалихI борчIизе биччаге!»

**РакI-ракIалъулаб рокьигун нужер ФАЗУ**



# Фазул хIакъалъулъ рагIи

*Фазу ХIамзатовна ГIалиева гьаюна 1932 соналъул 5 декабралъ ДАССРалъул Хунзахъ районалъул Гиничукь росулъ, рагъул хъулухъ тIубазабулесул хъизаналда.*

*Фазуе щуго сонцин букIинчIо ва гьелъул эбел ГIапи 26 сон барай гIолохъанчIужу йигей мехалъ, нагагьаб балагьалдалъун хвана Фазул эмен ГIали – рекIаразул полкалъул политрук. Суратаздасан бихьана нилъеда гьесул сипат – хъубухъизабун бухари тIагъурги лъурав, чухъаги ретIарав, чIегIерал михъазул бахIарчияв офицер.*

*- Дир эмен вукIна Дагъисталъул миллияб полкалъул тIоцебесеб рекIаразул эскадроналъул комиссар – унго-угояв шагIир – романтик – илан бицана Фазу ГIалиеваялъ. Гьесда лъалаан гIемерал кицаби, биценал, харбал... Цо-цо иццал къачIазе магIарде дунги ячунаан. Щибаб гохI-щобалда, иццалда, чваххуда цIарги лъалаан, щай гьеб цIар лъурабалиги бицунаан. Гьеб заманаялъ кинал лъугьа-бахъинал рукIарал, щал бахIарзал рагъарал, лъица ВатIаналъе гIоло гIумру кьурабалиги бицунаан. ГьитIинаб ганчIил яги тIогьол хIакъалъулъ маргьу ургъизеги махщел букIана. Гьесул маргьабаздаса хадуб тIабигIаталъухъ гIажаибго ялагьулаан дун. Гьениб дица диегоги дир фантазиялъеги бакI балагьулаан. Щиб лъалеб, инсул гьел харбалги маргьабиги рагIун рукIинчIелани дун жакъасей Фазулъун йикIинчIого йикIинеги бегьулаан.*

# Фазуе рагIи

*«... ТIоцебесеб кечIилая? РакIалда буго валлагь! Гьеб букIана ракIалдаса унареб лъугьа-бахъин, - илан бицана Фазуца. – Гьеб кечI сабаблъун дун рокъосагицин лъутизе ккун йикIана... Дун йикIана 2 классалъул цIалдохъан. Цо нухалъ учительница Хажаца нижее дарсида бицана тушманасул гIемерал самолетал рортизарурав ва фашистазухъе асирлъуде ккарав бахIарчияв летчикасул хIакъалъулъ. Ругъназул цIурав гьев кьварун чIола ва бахIарчи гIадин хола. Гьеб харбил асаралда гьоркь дида къаси макьилъ дунго йихьула тушманасул самолетал рортизарулей ва гьезухъе асирлъуде ккун. Кин хъварабалицин лъачIого радал дица хъвана кечI. ЦIарги букIана «БахIарчиясде салам!» Классалда гьебги цIалун учительница Хажаца дун цIакъ еццана ва гьебго кьоялъ школалъул къадал газеталдаги бахъана. Переменаялъул заманалда, газеталъул цIар цIалулеб ххвелги гьабун, дица чанцIулго цIалана дирго кечI. Гьев бахIарчиясул цIар нахъе цIуниялъулъ дуцаги дурго бутIа лъунилан абуна дида учительницаялъ.*

*РекIелъ бугеб рохел бахчизе кIоларого, кIанцIурги бачунаго рокъое ячIиней йикIана дун. Амма рукъалда цебе нух бикьулеб бакIалда дихъ ялагьун чIун ятана эбел. Гьелъул гьурмахъ ялагьидал бичIчIана дида щибниги лъикIаб жо букIине*

*гьечIеблъи. Къан дир кверги ккун, гьей лъугьана ахIдезе:*

*- Мун ниж суризаричIого чIелариланищ? КучIдул хъвачIого ай йикIиницха, кIудияй шагIир! Гьеб дур кочIоль бугеб рагIи рикIкIун кескал гьарула дица дур, тIокIабги ручка кодобе босани! Нилъер тухумалъул руччаби ругилан рагIичIо жеги лъидаго, хIатIикь бугеб ракь гуреб бихьичIо гьезда жеги, кIочене биччаге!*

*Рокъое щварайго, тIокIалги кучIдул хъвани ГIанхил Маринил гIадин кIал букъулин дурилан кIодоцаги хIинкъизаюна. Унгоги гьеб кьварараб тамихIалдасаги хIинкъун, школа рехон тезе къасд букIинчIелъул, дирго тIахьал тетрадалги ракIарун, дун рокъоса ЦIолбокь кIиго чвахело бихьулеб нохъоде йилъана, хутIанщинаб гIумру гьениб тIамизе къасдгун. Дун тIагIиндал кIодо, эбел, тIубараб росуго бахъун ялагьиларищха... Щиб гIиллаялъе гIоло дун рокъоса лъутараяли лъайдал учительница Хажае цIакъго кеп щун букIана.*

*- Хъвай, Фазу, лъикьаниги хIинкъизеги хIинкъуге, гьанже лъилниги кIалал рукъуларо, - ян абуна гьелъ дида.*

*Гьелъул малъа-хъваяздалъун кинабгоги байбихьана. Амма басмаялда рахъун дирго кучIдул дида 7 классалда гурони рихьичIо. Кьо букIана гIажаибаб. Сверун кинабго кенчIелеб, кечI ахIулеб бугилан кколеб букIана. Кинабго класс математикаялъул дарсида контролияб хIалтIи хъвалел ругелъул, дир тетрадалде чваххун ана кечI. ХIисабалъул бакIалда хъинтIун бачараб дир хатI тетрадалда бихьидал, хапун гьебги босун учитель директорасухъе гIарзалъ ана. Дарс лъугIидал дун директорасухъе ахIана. Дун ячIиней йикIана битIахъе чIвазе къотIарай чIужу гIадин. Амма дида гьенир киналго учительзаби данделъун ратана ва щаялиго киналго гьимулелги ругоан.*

*– Фазу, дуца унго-унгояб кечI хъван буго, - йилан абуна директорас. – дуца изну кьолищ гьаб «МугIрузул большевик» газеталда бахъизе битIизе?*

*Гьеле гьедин дир тIоцересел кучIдул «Эбел» ва «Ракълил байрахъ» басмаялда къватIибе бачIана. Газета къватIибе бачIиндал талихIалъ битIахъе дир бетIер сверулеб букIана. Дида кколеб букIана Пушкинил гIагарай чIужу ятичIони, ХъахIабросулъа МахIмудил яцниги ятулин дунилан...»*

# Рокьулъ лъедон гIурай

Цо нухалъ дица гьелда гьикъана, дур росдада цIар щибилан. Гьелъ дидехунги къулун, шурун абуна «Гени кье», - йилан. Гьеб бакIалда гьелъул гьариги бичIчIичIого, дица цIидасан кьуна добго суал.

МагIарухъ рагIула гьадинаб бицен. Цо машгьурав къадахъанасул вас цIакъ унтун вукIун вуго. Гьес гьев, цодагьабниги мадар букIинародаян, гьаваги бацIцIадаб, лъимги даруяб ТIалъиялде вачуна. Гьениб даруял хурдузулги, цIорораб лъелги, бацIцIадаб гьаваялъулги кумекалдалъун васасул мадар лъугьуна ва инсуда «гени кье», - йилан тIоцебесеб рагIи абула. Жиндирго рохел загьир гьабун, къадахъанас гьеб бакIалда рукъги бала, гьенире цогидал гIадамалги рачIуна ва Гиничукьилан берцинаб росуги лъугьуна.

* * *

...Гиничукь росу рекIун чIун буго ГIакаро мегIералъул каранда, ва, кьурул сирталдаги хурхун пикрабалъе ккараб гьеб, балагьун чIун буго некIсияб Хунзахъе. Къваридго буго гьениб минабазе. ТIохалда тIад тIох гьабун цоцазда цун ран руго рукъзал. Фазул эмен ГIали ХIамзатовасул мина буго гьеб росу бакьулъ. Гьес гьеб жинцаго бан букIана, шагьаралъул къагIидаялда гордалги лъун борхатаб рагъиги гьабун. Доб хасалихълъиялъул гIужалда, росулъ цогидазулго гIадин, гьезулги рагьида ран рукIана ракъвазеян, жанир махI берцинал хурдулги гьарун, цIурал бакьалги, бичIараб куракги, къотIараб гIечги ва меседил кьераб цIоросаролъги. Жиндир гIумру байбихьараб рукъалъул хIакъалъулъ Фазуца: «МагIарулаз гIадин къо хIехьолеб, магIарулай гIадинаб гIадатияб», - илан абуна.

МагIарухъ бакъ къокъидго тIерхьуна, мугIруз гьеб хехго кIкIуна. Фазу инсул накабазда гIодойги чIун ялагьун йиго бецIаб гордухъан накIкIазулъ басандулеб моцIрохъ ва кьолел руго лъималазе хасиятал суалал:

- Дада, къоги сордоги щай букIунеб?

КIигьажабалъа гIебав, гьайбатав ГIалица, жиндир михъги ясалъул кIаркьеналда хIенчезабулаго, маргьу ургъула:

- Борхатаб магIарда гIодойги чIун кIодоца дургьулеб буго чIегIерабги хъахIабги кун. ЧIегIераб квас дургъулелъул бачIунеб буго сордо ва кинабго рухIчIаголъи, къойица хIалтIунги свакан, кьижизе унеб буго. ХъахIаб кун дургъулеб мехалда баккулеб буго бакъ, бачIунеб буго къо ва макьицасаги гIорцIун гIадамалги, хIайваналги, хIанчIиги, гIалхуда бугеб щинаб рухIчIаголъиги, тIегь-херги чIаголъулеб, хIалтIулеб буго.



Инсул маргьуялъ макьу щвезабурай Фазу гьесул накабаздасаги рещтIун, гьитIинал яцал регараб бусаде уней йиго. Яцал Нуцалайги, Шахсанатги вац Набиги кьижун ккун рукIана. Макьилъ гьелда йихьана гIаздалаб мугIрул тIогьий хъахIал накIкIазулъ гIодойги чIун чIегIерабги хъахIабги кун дургьулей херай.

КIодоца гIака бечIизеян гIорто босулаго бахъараб гьаракьалъ, хъахIлъи балаго Фазу макьидаса йорчIана, эбелин абуни гьеб мехалда нартил чирахъул канлъухъе квен гьабулей йикIана. Рокъоб белъунеб гIиял гьаналъулги, ражидулги, мучаридулги махI тIибитIун букIана. Гьелда бихьана аваданаб рогьалил гIуж рештIунеб букIин. Гордехун юссиндал къватIиб ццидалаб бецIлъи гурони бихьулеб жо гьечIоан. Роржунел гьечIоан милъирщабиги, горда кIетIолеб гьечIоан, инсуца чIараб, махI берцинаб тIогьол тIамахги.

- КIодода кунал къосун ратизе кколилан пикру гьабуна ясалъ, - щиб лъалеб дой беццлъун ятани, гьанже къо бачIинчIого букIинеги бегьула...

МагIарухъ росу хIанчIил бусен гIадинаб бакI букIуна. Цо рагIалда чинхъани, цогидаб рагIалда сахлъи гьарулебги рагIула. ТIохдаса тIохде унеб буго рахIат хвараб хабар: ХIамзатовазул анкьго сон барай яс йилун йиго! Фазул эбел ГIапил ботIродаса кIаз хъущтIана, кIутIби сорозе лъугьана:

- Лъималгун цадахъ кьижун йикIарай яс араб бакI лъачIого тIагIун йиго. Гьелда тIад я хинаб кIаз гьечIо, я хьитал рукIинчIо. Гьелъул гьудулзабахъеги кIодо щвана, мадугьалихьги ятуларо, гьоро-бокьоеги гьей ккечIо.

Какикьжоялда тIад магIуги чвахулаго кIодоца БетIергьанасда гьарулеб буго:

- Я, Аллагь, дир гIумруялда бахиллъиларо, гьей яс хвасар гьае, аставпируллагь!

Доб къоялъ росулъ рукIаралщинал рахъана мегIер-гIалахалде, яс ялагьизе. Гьединаб накIкI лъураб къоги цебегоялдаса букIинчIо, къватIиехун ятани яс бокьараб рахъалде ккезе, кIкIалахъе йортизеги рес буго. НакIкI лъураб сверухълъиялда гIадамаз ахIи балеб буго:

- Фазу-у-у! Фазу-у!

Къадеялде накIкI дагьаб бихха-бикьанин кколаан, росулъин абуни къварилъиялъулаб сихIкьотIи лъугьун букIана. Буртинаялъулъги жемун, гIухьбуца йосун ячIана рокъое кьижун ккарай Фазу. Гьей ятана росдадаса рикIкIадаб гьечIеб бакIалда ва гьелъул хабаралдасан лъиданиги бичIчIичIо кинай беццлъарай кIодо ялагьизе гьей магIарде ун йикIараяли ва чIегIерабги хъахIабги квас-кваралъул кинаб хIажалъи букIарабали.

Рокъоре унелъул росуцояз рагьун загьир гьабулеб букIана ГIалица яс дагьай тIасан йиччан, гогьдаризаюлей йигилан абураб пикру. МагIарде хер бакIаризе йитIани, гьей тIугьдулги росун ячIуна. Рак бакIаризе тIамуни, кьурабалъе ххарулей ятула, гIачиязул рехьед гьенисан хьвадулеб гIадин...

**Вероника Зеленинал очеркалдаса**



# Фазуе ргIи

*Дида ккола гьаб гьайбатаб щиналде ва гIелмуялде рокьи дие ирсалъе щун бугилан. Киналго дир умумул инсулги эбелалъулги рахъалъан рукIана цIаларал чагIи.*

*Цо рахъалъан дир эбелалъул кIудада вукIана имам Шамилил наиб, гIакълучи Инквачил Дибир, цIогидав кIудада – гIараб цIаларав кIудияв ХIайдарбег. Гьесул тIахьал гIарабалдаса руссинеги гьарун гьанже байбихьана Дагъистаналда рахъизе.*

*Гьесул вас, дир эбелалъулги бищун вокьулев имгIал Мансурилги эмен, гьитIинав ХIайдарбег инсудасаги цеветIурав гIараб гIалимчи вукIана.*

*Эбелалъул ункъгIал Хъандулай-хIажи – кIицIул хIежалде арай, Гиничукь цохIо йикIарай хIажичIужу. Гьейги Дагъистаналдаго лъалаан.*

*КIодоэбелалъул эбелги йикIана дир ГIалихановазул наслуялъул чIужу. Пачаясул армиялъул генерал Хъайтмазги, полковник Умалатги рукIана гьелъул вацал...*

*Дир кIодоэбелалъул эмен – цIар рагIарав гIараб цIаларав гIалимчи Гиничукьа Пирбудагъ...*

* * *

*... Дир гьаракьги лъан, нуцIа рагьизе ячIуней гьелъул, тIадагьаб хIатIил гьаракь чIвана дида. НуцIил рахай букIана гIемераб заманаялъ, кинаб рахъалде кIул сверизабуниги, гьелъие мутIигIлъуларого. Рагьун бачIингун, гьелъ къвалги бан каранде къана дун, Вай, дир яс, Аллагьасе рецц, дуда къвал базе щвеялъухъ. Гьаб нилъер дандчIвай тIарамагъадисеблъун батугеги. Гьалеха дунги йиго, херлъиялъ, кIкIуйги рехулаго ахирисеб канлъи кьолеб бугеб нартил чирахъ гIадин, - илан дагьабги хIалимго ва хIеренго дида тIад кверал рахъана гьелъ.*

*- Дуца бицунеб щиб, эбел! Мун йиго нижее эбелги, эменги, кинабго дунялги, жеги гIемерал саназ нижеда аскIой йикIине ккола мун, - илан гьелда абулаго дирго ракI лъугьана унтизе. Унго кин букIине рес бугеб эбелалъухъе гIедегIизе кколареб, гьелъул гьаракь рагIулареб, гьелъул берцинго къачIараб бусада лъурал роргьарал къандалъаби рихьулареб, гьелъ дида данде кверал регьулареб заман?*



## Фазу ГIалиева



### ВАТIАН

ВатIан, мун бокьизе тIоцебе дида
Лъицадай малъараб гьаб дунялалда?
Лъица, абадиялъ унареб хIалалъ,
Дир хIасратаб рекIелъ бикIараб дур цIар?
ТIоцебе ихдалил хабарги босун,
Рохалил чапарлъун мугIрузде щолеб
Мукъуралда сверун маржанал рараб,
Милъиршоялъищ гьеб дида малъараб?
ГIазу биунелъул, хвалчаца гIадин,
Хинаб ракьги бихьун тIаде раккулел
ГIурччинаб мацIалъул харил симсазищ
Хиралъе мунилан дида абураб?
Сардида зодил хан – сахаватаб моцI
БачIун гъотIол каралъ рещтIараб мехалъ,
Балъгояб харбида щурщулел ругел
ТIанхаз гурищ рокьи бикьун дий кьураб?
ЦIвабзазул сордоялъ сихI къотIун чIараб
Сабураб, хIалимаб эбелаб ракьалъ,
Мун бокьаян абун аманат гьабун,
Дир рекIелъ васигат хъванищ букIараб?
Июлалъул къоялъ гьурщун гъалалгун
Барщараб тIорщалилъ чIарадулелъул,
Дида кверал рахъун дун еэдарал
ТIоразищ щурараб мун бокьайилан?
Хирияв инсуца кодойги ячун
«Дун гIадин ватIанги, хиралъе дуян»
Революциялъул цIелъ лъадарараб
ЦIа гIадаб рокьийищ дихъе кьун тараб?
Макьу гьуинлъизе сардилъ эбелалъ
Мугъзада кIутIараб, тIеренаб кверда
ТIад рахъун рукIарал хIалтIул пинкьазищ
Дур хIурмат гьабеян дида гьарараб?
Доба Москваялъул рагIаллъабазда
Рорхатал гъутIбузда гъоркь свердулелъул
Дир гъуждуздаги чIун кучIдул ахIараб
Булбулалъищ дида дур цIар бицараб?
Днепр гIоралде тIадеги къулун
Дангъур цIуцIун дица гьекъараб лъималъ,
Дир бидурихьалъе ччугIа гIадинан,
Рокьийищ лъедезе бичча букIараб?
ВатIан, мун бокьизе тIоцебе дида
Лъицадай малъараб гьаб дунялалда?
Дида доб мехалда хурдуз, тIугьдуца,
ГIисинккун щурулеб шигIру бичIчIичIо.
Бабаян абизе жеги лъалелде,
Дир рекIелъе жанир кьалбалги риччан,
Дуде бугеб рокьул гъветI бижун ана,
Гьанжени гьелда тIад пихъал рарщана!
ВатIан мун бокьизе тIоцебе дида
Лъицадай малъана гьаб дунялалда,
Лъица абадиялъ унареб хIалалъ
Дир хIайранаб рекIелъ бикIараб дур цIар?

### НОЛЬ МАКЬИЛЪ ДУН ЙИГО ЧИЯР РАКЬАЛДА

Ноль макьилъ дун йиго чияр ракьалда.
Чияр гIадамаца йиго сверун ккун.
Сабру хвараб дир ракI буго твархолеб,
Туснахъ гьабун бугеб хIанчIил тIинчI гIадин.
Дица эбелалда гьечIо ахIулеб,
МахIач–дирго васцин гьечIо ракIалда,
РакI гIодулеб буго дир ВатIаналъухъ;
ТIогьолал мугIрузухъ, гIурус рохьазухъ.
ГIадамал, дир гьаниб къуват гIоларо
Гьеб къварилъи нужей тIубан бицине.
Цойгиги лахIзаталъ хутIарабани,
Хвелаан кьвагь-кьватьун гьиналъ ккураб ракI.
Гьеб рагIун лъаларо, гIагараб ВатIан
ЙорчIамиян абун кIалъала дида.
КIудияб гьаракьалъ Левитаница
Макьу бугин гьебан йорчIизаюна.
Макьуйищ? КIваричIо, макьу батани;
Йортана къватIие–гьале дир тIалъи,
ТIогьоца рахчарал хундерил мугIрул,
ГIурччинал тIанхазулъ тIерхьарал гъутIби,
ТIанхазулъги рахчун ахIдолел хIанчIи.
Дун щубалъ босараб харил ссаналда,
Сабру хун, тIугьдузулъ гIодой йикIана.
ГIагараб ракьалда кIаркьен цвизабун,
Бицана доб макьу букIун бугилан.
Дун бищун борхатаб магIардаги чIун,
ЧIалгIун балагьана сверухълъиялъухъ,
Сабурго тирулел накIкIул тIелазухъ,
ТIасан роржун унел мугIрул цIумазухъ,
ЦIорорал иццазухъ, тIокIкIараб лъадахъ,
ТIатIала ран щолел ахал ролъазухъ,
Рихха-хочун унел мугIрул лъаразухъ,
Лъарал цолъун гIолел хехал гIоразухъ,
Азарго соналъ гьеб бихьичIеб гIадин,
Бакъухъ ялагьана гьимунги елъун...
МугIрул керемалда гIиял рихьигун,
ГIодана рохалил магIу чвахун ракI,
Дир ВатIан, дир улка, матIу гIадинаб
Мун бихьула дида тIалъиялдасан.
МахIачхъалаялъул ахил кIалтIасан
Студентал руго унел, рачIунел
ЧIухIараб Каспийдал карачалаби
РагIаллъабазда руго рагъулел.
Хунзахъ классалда дарсал цIалулей,
Дида Хажал калам рагIулеб буго.
Марьямил мергудал зуни бихьула,–
ЗахIматалъул ясал хIалтIуда руго.
Доле фермаялде рахьги щвезабун,
Шамсият бачазе хъулухъ гьабулей,
Гьадале Барият Кремлиялда,
Улкаялъул закон къабул гьабулей.
Гьаб кинабго дида жакъа тIоцебе
РагIулеб, бихьулеб бугилан ккола.
Дир хирияб ВатIан, бакьангуро дий
Макьилъги дудаса батIа йикIине.

## РИХЬАНА НАХЪОЙГИ МУГІРУЛ

Рихьана нахъойги гІагарал мугІрул,
ГІисинал росаби, расалъалаби,
Лъимерлъи тІад араб тІогьол халича,
Чабхилъан гьимулел гьитІинал лъарал.
Радал гІачи гъезе, къаси рачине,
Къол кІицІул щолаан дун гьал щобазде.
Щибаб риидала дица чурараб
РетІелги чар гьабун букІунаан гьеб.
Огь, бихьулеб буго МархьудаІ нохъо.
Чахъдаде гьакІкІараб бацІил кІал гІадаб,
ГІедераб дур лъадалъ лъимераб мехалъ,
Рохел букІана дий чвердезе щвезе.
Чан нухалъ ракуде уней йигилан,
Эбел мун сабаблъун дица гуккарай.
Мархьуда–Гинчадирида нахъа бугеб нохъо.
ЧІобогояб гьогьги гьодиде рехун,
Гьаргьалаго къаси рукъой ячІарай.
ЧІандикІкІал– тІокІкІарал иццазул авал,
Унго кибдай буго гьанже дир гІеретІ,
Лъалаан дида гьеб киб бихьаниги:
ГьунтІ-гьунтІараб чехьги, ччухІараб гІоркьги,
Цаби цІунцІудулеб дир цІорораб лъим,
ЦІакъ гІащикьго йигин, биччай кІалчІвазе,
ЧІахІиял шагьарал сверананиги,
Нусго батІияб лъим гьекъананиги,
Дуца гуронани къеч буссунарин.
РагІула гІиязул кІарччамаб гъади.
Гъоле хІорде руссун бачазул тІелал,
ТІокІаб щвеларо дий, кодоб тІилги ккун,
Рахъ-рахъалде гьагъал тІуризаризе,
ТІугьдузул ссаназде кьенсерги бачун,
Бокьарабщинахъе къватІий яхъине.
Дир кьегІер, дир кьегІер, кьурараб тахта,
Тарай щайзе унго дун гьадин рехун.
Мун кІудияб гІунищ, яги херлъунищ,
Щайха бачІунареб дида дандчІвазе?
Бице цонигияс царгъинибги лъун,
Дур къулагІи нахъе цІунунищ бугеб?
СалихІат, СагІадат, Сакинат, ПатІи,
ГьитІинаб мехалъул дир гьудулзаби.
Гьале доб гІурдаллъи, нилъ расандараб
Ва ясикІабазул бертай гьарураб.
Гьание щвана дун, гІагараб росулъ
БукІинчІо гьабгІадин гІащикълъараб бакІ.
РакІалда букІана дол хІарщул ригьзал
ХІайранго ратила дихъ ралагьунин,
Ва нилъер гІисинал чІартил ясикІай
ЧІалгІун данде СагІадат, гІодулеб ххвел гьабулаго,
ГІарз бахъизе инчІейдай эбелалде?
Сакинатни телин, гулмгумги барщун
БатІаго яхъуней йикІун ятилин.
Гьале дир инсул ригь, дун гьаюраб рукъ,
Цебе рагъи гуреб, сверун ах гуреб.
КъватІисан бохьичІеб, лажбар бахинчІеб,
Бахъараб бер гІадин буго мун росулъ.
Сабур хун ятила гІазизай эбел,
Унев, вачІунесда тІад бералги лъун,
Батила хъабиниб, квер хъваларилан,
КІалтІу щула гьабун дие тараб хьон,
Царгъил тІиялъуса гьанал цІураб бакь
Рехила къасиго хьагида жаниб.



# Фазул хІакъалъулъ рагІи

*Фазуца кучІдул хъвазе школалдаго байбихьана. Рагъда нилъер солдатаз бихьизабураб бахІарчилъиялъул хІакъалъулъ учителас бицараб хабаралъул асаралда гъоркь, II сон барай Фазуца хъвана «БахІарчиясде салам!» абураб тІоцебесеб кечІ. Гьеб школалъул къадал газеталдаги бахъун букІана.*

*І949 соналъ «МугІрузул большевик» газеталда къватІире рачІана Фазу ГІалиевалъул кучІдул.*

*Школа лъугІидал, ункъо соналъ учительлъунги хІалтІун, гьелда ракІалде ккана тІадегІанаб лъай босизе цІализе лъугьине. І954 соналъ Фазу лъугьана МахІачхъалаялда Дагъистаналъул руччабазул педагогикияб институталде. Амма гьений цо соналъ гурони цІаличІо. ТІолгороссиялъул конкурсалде ритІарал кучІдузул хІасилалда, гьей ахІана Москваялде, Литературияб институталде лъугьине. Киналго экзаменалги лъикІ кьун, гІурус мацІалъул экзаменалъе гьениб гьелъие щвана кІийил. Гьебги захІмалъун, цІализе бугеб гъираялъ течІого, Фазу йилъана цІализе росулеб комиссиялда аскІое. ГІемерав чи вихьарал литературоведал ва хъвадарухъаби гІажаиблъизаруна мугІрузул улкаялдаса ячІарай, гІажаибго цІодорай, гІемераб жо лъалей ясалъ. І956 соналъ Фазу йосана Максим Горькиясул цІаралда бугеб Литературияб институталде цІализе.*

# Фазуе рагІи

*«... Литературияб институталде лъугьинегІан дица тІадагІал, гъварилъи ва гІумру бичІчІи гьечІел кучІдул хъвалаан. ЦІализе байбихьигун дун щакдарилейцин йикІана, битІун тІаса бищанадай дица дирго гІумрудул нухилан. Дагь-дагьккун кучІдул цІалиялде бижараб рокьиялъ, дие институталъул библиотекагицин гІолеб букІинчІо, дирго цадахъ цІалулезги рачІине лъугьана дихъе тІахьал. ЦІар рагІарал шагІирзабаз, гІалимзабаз ва литература бичІчІулез рачунел семинараз кІудияб кумек гьабуна дир лъаялъухъ бугеб гІищкъу гІорцІизабизе, гьеб лъалъазе. ТІоцебесеб курсалдаго, Хъвадарухъабазул союзалъул конкурсалда, Зоя Космодемьянскаялде хъвараб кочІохъ дие щвана 2 бакІ. Лъабабилеб курсалда «Молодая гвардия» издательствоялда гІурус мацІалда къватІибе бачІана дир тІоцебесеб тІехь «Голубая дорога». Дагь-дагьккун, гьитІинго магІарул росулъ дилъ бекьараб сабруяльги, гІакълуяльги, хІалтІуде рокьиялъги бачІин кьезе байбихьана. Дида бичІчІана унго-унгояб кучІдул цІаларал щиназул рекІелъ лъалкІ толел, кІочонарел рукІине кколеллъи».*

*І96І соналъ Фазу ГІалиевалъ лъугІизабуна Максим Горькил цІаралда бугеб Литературиб институт.*



# Бирюзаялъул кьераб хIинчI

Дун гIодой чIун йиго, июлалъул багIарараб бакъалдасаги яхчун, аза-азар сонал рараб гьотIол рагIдукь. Сверухъ руго гIемерал гIадамал: хералги гIолохъаналги. Расандилел руго лъимал, коляскабазда лъимал сверизарулел руго чIахIиял. Дун йиго гIодойги чIун араб гIумруялда тIад ургъулей. БотIролъе рачIунел руго батIи-батIиял пикраби. Цо-цояз рекIее рахIат толеб гьечIо, цогидаз рази гьаюлей йиго. Цо-цо суал бачIунеб буго, щай дица доб мехалъ цогидаб къагIидаялда гуреб, додин гьабурабилан. Доб мехалъ щиб гьабизе кколебали лъан букIарабани, гьалатI биччалароан ва гьалдолеб гIолохъанлъиялъул асирлъуде ккелароан. Кинабго лъутIа-къотIизе лъай балугьлъарав инсанасул гIаламат буго.

Циндаго дида тIад боржанхъизе байбихьана бирюзаялъул кьераб мегъед ва куркьбал ругеб хIинчI.

- Гьаб щиб хIикмалъи, - ян ахIун борчIана дихъа.

Дун гIодой чIаралъуса тIаде яхъана, амма хIинчI кигIан дагьабниги хIинкъичIо. Дагьабго мехалъ боржинеги боржун, гьеб дун гъоркь гIодой чIун йикIараб гьотIол гIаркьелалда тIад рещтIана.

- Гьаб буго хъахIилаб чIегIерхIинчI, - ян абуна аскIов хIухьбахъизе гIодов чIун вукIарав цо бихьинчияс.

- Дида гьадинаб хIинчI тIоцебе бихьулеб буго, - ян абуна дица рухIдалго.

- Дида цебеги бихьун букIана. ГьабсагIаталда гьеб гIицIго духъе боржун бачIун буго. Гьелда лъан батизе буго, мун жиндихъ рухIдаллъизе йикIин ва жиндир хIакъалъулъ дуца кечI хъвазе букIин, - ян абуна гьес ва гьимизеги гьимун ана.

- Йохъ, йохъ, гьеб хIинчI гуро, гьеб буго дир кIодоэбелалъул рухI. Долъ абун букIана дун захIматаб

Ниж ракьалда гIодор чIана. КIодоэбел, бетIерги борхун, киеялиго ялагьун йикIана. Гьелъул жанире тIерхьун арал беразде реччел рехана.

- Цо пашманаб хабар бицинчIого гIоларо дуда, дир яс. Лъала, гьабсагIаталда дица бицараб ракIалде щун, мун чанги гIодизе йиго, -ян абуна гьелъ. Дир мугъалдаса цIунцIраби рекерун араб хIисаб ккана, черх багIарана, хадуб цIорона. Дида бичIчIана кIодоэбелалъ сундул бицинехъин бугебали.

- КIодоэбел, лъала нилъее захIматго буго ратIалъизе, моцIал чанго къо гIадин ине руго ва каникулазул заманалда дун нахъеги духъе ячIина, -ян абуна дица.

- Йохъ, Фазу. Дида гьанаца бицунеб буго гьаб ахирисеб дандчIвай букIин. Диего бищун хириял гIадамал ва эбел-эмен макьилъ дихъе рачIине байбихьун буго. Нолъ къаси дида макьилъ йихьана эбел, Аллагьас Алжаналъуе ккун ятаги гьей. Кверги ккун гьелъ дун ячана азбаралъуе. Гьениб эхетун букIана кьилиги чIван зваргъолеб чIолорхъо бараб хъахIаб чу. Щибго рагIиги абичIого гьелъ дун чода рекIинаюна ва жийгоги аскIой рекIана.

- КIодоэбел, дуца гурищ абураб хварал чIагоязухъе рачIунила гьезухъ чIалгIараб мехалъилан?

- Хабар гьелъул гуро бугеб, дир яс. Дуда ракIалда чIа аслияб жо. Дица дуде аманат гьабулеб буго, Фазу, дуца гIадамазе тIипалодул мугь гIанасебги зарал гьабуге. Дица малъухъе, лъикIлъи гьабе. Ворегиха кIочене биччаге хIакъ букIунеб лъабго жо: бикъуге, хьахIбалъи гьабуге ва лъиданиги нахъасан мацI гьабуге. Хабалъ егун йикIагоги дица дур щибаб галиялда хадуб хъаравуллъи ккезе буго. РухI холаро. Гьеб сверула мегъед хъахIаб милъиршоялде, ялъуни

мехалъ рехун теларилан, доб дунялги рехун, жий бирюзаялъул кьераб хIанчIидеги сверун, дихъе йоржун ячIине йигилан, - ян пикру гьабуна дица.

Дида цебе бачIана росдада нахъа гьарзаго тIибитIараб Гьалла расалъи. Гьениса дун уней йиго кIодоэбелгун цадахъ, чIвалел руго батIи-батIиял хурдузул махIал. Ниж гIедегIун руго нижер гьаниб «кукурузникалилан» цIар лъурал самолетал рещтIунеб аэродромалде. КIодоэбелалъ дун МахIачхъалаялде нухда регIулей йиго. Дир каникулал лъугIана, гьениса дун ина Москваялде.

- Фазу, рачIа дагьалъ гIодорги чIун хIухьбахъизе ва берцинлъиялъухъ ралагьизе. Киб бугеб цоги гьадинаб берцинлъи! –ян гьелъ букIкI-букIкIараб квералъ ххарда квер бахъана ва угьун хIухьел биччана.

- Мун йитIарай йиго кIодоэбел, киб дида жеги гьадинаб берцинлъи ва бацIцIадаб гьава батилеб?

бирюзаялъул кьераб хIанчIиде. Гьеб духъе бачIине буго ва мун цIунулеб сабаблъун букIине буго. Мунги дир хабаде ячIинчIого чIоге. Дир ботIрохъ чIа ва мун дида йихьизе йиго.

- КIодоэбел, гьаб ракьалда дудаса дие хирияв чи гьечIо. Унге мун нахъе, хоге...

- Вай, дир яс, лъихъа бажарулеб хвалилгун къуват борцун. Бадиса магIу бакъвараб къо букIинчIониги, гIумру букIана гьайбатаб. Гьал мугIрул гIалахазухъги ялагьун дица пикру гьабула дида цебе бугеб хIикмалъийилан. Дун разиго йикIуна дунялалъул гьеб берцинлъи дие рагьун букIиналдаса.

ЗахIматаб гьир тIаде ккана диде, чан гIагарав чи дихъа вахъун арав хIуригаталъ, туризавурав туснахъазда. Рецц Аллагьасе дихъа вас Мансурги яс ГIапипатги рахъичIолъиялъухъ. Эменги гьечIого гIезаруна дица гьел. Аллагьас рагъдасаги туснахъалдасаги тIадвуссинавуна дие Мансур. Аллагьас дун махIрум гьайичIо васасдаса.

Гьениб нижеда моторалъул хъуди рагIана, кватIизе гурилан самолетулъухъе ана. Дир ракI инагьдулеб букIана. Дица хIалицаго ккун букIана магIу. Нижехъ ралагьун, аэродромалда чIун рукIарал, эбел ва яц рахIат хун ругоан.

Гьале гьанже дун ялагьун йиго бирюзаялъул кьераб хIанчIихъ ва нахъе боржун ине гIедегIулеб гьечIо гьеб. Гьеб буго дир кIодоэбелалъул рухI, дун цIунулеб сабаб, - ян гIодилей йиго дун. Мун дихъ чIалгIун йиго, мун дихъе ячIуна дир магIу бакъвазабизе. Мун хварав дир вас ГIалигун дандчIван ятила. Виччанте гьев дихъе хIинкъи гьечIеб цIум гIадин воржун вачIине. Гьесда абе дун парахатго йигилан. СихIкъотIун, къварилъи хIехьон йикIаниги, жанисан ежулей йиго.

...БачIина заман ва дир рухIги сверила бирюзаялъул кьераб хIинчIалде. Гьеб буго дие бищунго бокьулеб кьер. Дунги ячIина гьанир хутIарал гIадамазухъе щвезе. Гьединлъидал дица гьезда цебеккунго гьарула, ракI бакъвазабуге бирюзаялъул кьераб хIанчIил. Гьелъие цIакъ хIажат буго нужер гьудуллъи ва рокьи. ГIадамал, гьарула гьелъие къор битIугейилан. Гьелъ кечI ахIула гIицIго жиндирго къварилъиялъул.



# Фазу кIодол насихIат

Дир яс, гьаб дунялалда
Дуца жеги цIаличIел,
ЦIараб хIучч, гIорхъи буго
Бахине бегьулареб.
Бихьинал-руччабиян
Напсазде рикьун руго,
Ращалъи щвечIо гьезий,
Щиб бицун кIалъаниги.
КIалъаязда, кагътазда,
Кибго хъвараб бакIалда
Батила дуда гьедин,
Воре божун хьвадуге.
Ращалъи къваригIараб
Рукъ тун къватIиб буго дуй –
ХIалтIулъ, цIалулъ, цIар босун
Мун цее яхъиналъулъ.
Рокъоб хъизаналъулъ гьеб
Бихьинахъа бахъуге,
Дозул михъалги цIацIан
Гъал хьухьине лъугьунге.
БергьинчIого чIеларин
ЧIирчIидулел руччаби
Болъодул хIокIги бекун,
ХIарщулъе рортун уна.
Бихьиназул бихьинлъи
Бугеб борхалъуда те,
Нилъ гьенир рахунаро –
Яхинеян лъугьунге.
КигIан цIакъабги гама
Ракьдада хьвадуларо –
Жинди-жиндир бакI буго,
Жинди-жиндир гIел буго.
Гьеб ращалъи бахъизе
Рагъде рахъиналъ гуро
Руччабазул къадруги
Къиматги борхун унеб.
Инсуе мутIигIлъиялъ,
Росасе хIеренлъиялъ,
ХIалимлъун вацасдехун
Дур бугеб балагьиялъ
Мун дудаго лъачIого
Лъун ятула тIогьазда.
Гьеб кинабго дур сухъмахъ,
Борхалъуде яхунеб,
Дур ракI гъолеб мегIер гьеб,
Дур мугъ чIвалеб кьуру гьеб.
Дора къватIазда гуро
Къимат гъозул борхулеб,
Гъанситодухъ нилъеца
Борцахъейин букIунеб.
БахIарчиги вахъуна
Нилъер гIакълу цIикIкIани,
ЦIукIалъунги лъугьуна
Нилъеца мал къабани.
Дуца инсул, вацасул
Адаб гьабиялдехун
Азарго бер букIунеб
Балагьун, хал гьабун чIун.
Гьел цIадирабазда лъун,
ЦIан аршинаца борцун,
РачIина мун кьейилан
Кьерилазул чапарал.
Дуйго вокьарав восе,
Кьеларо мун хIалица,
ХIалагьдун нахъ тIамуге,
ТIегь ихдадейин балеб.
ТIогьолъ босичIеб гьоцIо
ЦIер чIвайдал дуй щоларо,
Щолареб балагьуге,
Батараб рехун тоге.

* * *

Рукъ тун къватIий аниги
Эбел-эмен кIочонге.
Эздехун седонги чIун,
Росасулал рихунге.
Инсул рокъор рукIарал
РукIа-рахьин, гIадатал
Доре цадахъги росун
Рилълъинеги гьаруге.
ТIоцере данделъидал
Цоцазде гIеч, гени бан,
Цодагьаб заман ингун
ГанчIал разе лъугьунге.
Рос вокьарав гIоларо,
Досул эбелги йокьа,
Эбелалъе вас гIадин
ГIагарав щивго гьечIо.
Дуда гьеб гIумруялъул
ГIакъиллъи кIочон тоге,
ГIуцIун буго куцадго,
Кутакалда цIодорго.
Кинабго кьерал гьарун,
Кьурун духъе бачIуна,
Жакъа лъади йигей мун
Метер эбел лъугьуна.
Эб мехалъ лъала дуда
Лъималазул хиралъи,
Лъицаниги духъаго
Вахъани букIунеб куц.
РекIеда ятилалде
Васги кIудияв гIола,
Нусги рокъое ячун,
Мун якьадлъун лъугьуна.
Дуцаго якьадалда
Гъоркь лъураб бакIида тIад,
Мунги йикIинайила
Нусалъ, гIодой чIайилан.
Мун росасе унелъул
Эбел-инсуе ургъел,
Гъансито, рукъ какараб
Ккеладай духъан ишан.
Мун – гьеб рукъалъул матIу,
ГьетIун рихьизаруге,
РагIал, гIорхъи лъачIого
Лъоге ракьалда хIетIе.
ТIотIол оцалги гьарун,
Гьезда неца речIчIуге,
Цин мун рохьдолъ чIечIони
Хадуй доз йиччаларин.
Цо-цоял гIедегIула,
ГIумру лъачIел, бихьичIел,
ГIатI цIалкIизе рос тIамун,
Ращалъи балагьизе.
Гьелъ гIадин гIодоб бортун,
Дур хъизан хьублъуларо,
Мунгойин инжитлъулей
Инжитаб рахъ ккунани.
Хъизан – гьеб гучаб хъала,
ХъатIизе биччаге квер,
Хъаравуллъуда чIезе
ЧIужугIаданин кколей.
ЗагIипаб цохIо къватIел
Кьунани дуца къватIиб,
Кьоло-гъолон чу гьабун,
Бекеризе биччалеб.
Гьелда хадуб хIурул мухъ,
ХIарщул лъалкIал хутIулел,
Гъоб къватIел гьакIкIан араб
КIкIаллъун лъугьун батулеб.
Хъизан – гьеб гучаб хъала,
Мун гьелъул рагъи, гордо,
Рагъиялда бакъ цIуне,
Рукъзабахъ канлъи цIуне.
Кидаго сунаредухъ
Гъанситодахъ цIаги ккве,
ЦIакъго гьалаг бакуге,
ГьитIинлъун свине тоге.
Цо гьитIинаб гIилла ккун,
ГIодизе екеруге,
МагIил горо учузго
Бичизе бегьуларо.
Мун цин юцIцIинайила,
Хадуб квер хьвагIун тела,
Гьадинго гIодулилан
ГIад-хочIие гьайила.
Махсаро-хочI рагIидал
ГIагIадун елъахъуге,
ГIадамазда гьоркьоса
Гьаракьги батIалъуге.
Гьими-релъиялъулги
Бугеб жиндир чIолеб бакI,
ЧIор гьабизе бегьула
Гьелъул хIалихьатаца.
Аваданго ракI цIуне,
РагIи хIеренаб хьирще,
РакI чармил батаниги
Чапулеб дур росасул.
«Гьаб гьечIо», «доб щвачIоян»
Щурщудуге даимго,
Досул квер гIунтIулареб
Кквезе, босе тIамуге.
Дурго рукъалда рекъон
КъватIий-жание йилълъа.
Чадил мучари гьабун,
ГьечIилан гаргадуге.
ГьечIеб къо бачIаниги,
КъулчIе бугеб гIадинан –
ГIумруялъ цо хIалалда
Цониги чи толаро.

* * *

… Гьале, гьитIинкI, дудехун
Дир тIоцебесеб калам,
Дагьаб халалъун ккана,
Диде гIайиб гьабуге.
ГIакълаби, малъараби
ГIемер ругин абуге,
Гьанже бичIчIичIеб, лъачIеб
Лъала сонал рахъидал.
Нахъа абилин, хъвалин
Тезе кIвечIо кIодода,
Даимаб гIумру гьечIо
ГIадамазул ракьалда.
Дун гьечIого хутIидал
Хабалалъеги рачIа,
Хварал кIочон таразда
КIочонел чIагоялги.





# «Аллагь, малъе гIолезда гIадаталги адабги»

Аллагь, малъе гIолезда
ГIадаталги адабги,
Умумуз нилъей тарал
Умумузул назмаби.
Херазул адаб кквезе,
Адабият цIунизе,
Унтаразда гурхIизе,
Рукъулезухъ гIодизе.
Лъимер гьабураб рокъой
ДугIа цIалун лъугьине,
РацIцIалъиги роцIенги
Гьезие даимлъизе.
Дир росдал гIадамаца
Росулъ лъимер гьабидал,
Аллагьасе рецц гьабун,
Щукрудал как балаан.
Щивас цIи гьавурасе
ЦIалулаан дугIаби,
ДугIаби рукIунаан
КIудияб магIнаялъул.



ВатIаналде бугеб рокьул кутакалъ, дун кидаго Дагъистаналъул ургъалида йикIуна. Аралъул хIисаб гьабула, бачIунелъул ургъел гьабула, гьабсагIат бугеб ахIвал-хIалалъ хIалхьи толаро. Дир гьудулзабилъун лъугьарал макъу щоларел сардал миллаталъул къисматалъул ургъалида уна дир. РакIалде щола батIи-батIиял тарихиял лъугьабахъинал. Дунго нугIлъун йикIаралги. Цере рачIуна гьеб тарих гьабулел рукIарал цо-цо гIадамал. Ва дие кидаго цо пикруялъ хIалхьи толаро –дидаса гьабсагIат щиб пайда бугеб ва кинаб пикру дица нахъе тезе кколеб…

Гьаб нухалъ дие бокьун буго Дагъистаналъул гIун бачIунеб гIелгун гара-чIваризе. Хьул буго дихъ гIенеккилилан….

ГIолохъанаб мехалъ гьадингоябин кколеб щинаб сонал анагIан гъварильула ва борхалъула. Гьеб мехалъ бичIчIизе лъугьуна, щай нилъер умумуз гIадатал цIунулел рукIаралали.

Нахъе ялагьарайго дида цебе чIола дирго гьитIинаб Гиничукь росу. Росуго буго бертаде хIадурун. Киназдаго буго миллияб ретIел. Руччаби руго хъабалабиги ретIун, некIсиял шалалги чIван, гьезда звангъелеб буго гIарцул къадираби, кIилкIал… Бихьиналги руго чухъабиги ретIун, бухари тIаргьалги лъун, чакмаби цIвакизарулел.

Бертадул тIутI. Меседил кьерал цIоросаролъил, жавгьарул кьерал ролъул хинкIаздаса хIухьел буго бахъун унеб. Руччабаз кIудиял тепсиязда жанир росун рачIинел руго нисул, гьанал, гIурччинаб жоялъул цIурачадал, пурщаби. Киналали лъаларел закускабазул цIурал рикIкIен гIемерал гьушхъабиги гьечIо тIотIолъ, гьенир руго цохIо нилъер умумузул рукIарал кванил нигIматал.

Дун чIалгIун йигей куц унго-унгоял магIарул бертабазухъ. Гьениб букIунеб рохелги аваданлъиги сунданиги данде кквезе бажаруларо. КIалалда рагIи бухьарал, кутакалда кIал пасихIал чагIи рукIуна бертабалъ данделъун, гьезул бегIерал рагIаби рекIеда рикIун хутIула киназулго. Гьари-рахьи базе чи тIаде вахъаравго сихIкьотIи лъугьуна сверухълъиялдаго. Киназдаго лъала гьес гIакъилаб ва пайдаяб рагIи абизе букIин, гьеб щивас жиндиего нахърателлъун цIунизе хIаракат бахъула.

КигIан кIудияб майданалда бертин гьабулеб букIаниги, магIарухъ гIадат гьечIо руккел гьабун кьурдизе рахъунеб. Кьурдизе рахъуна цо чиги чIужугIаданги. Вай гьеб букIунеб берцинго! Гор гьабун сверун чIун рукIуна къачIарал гьалбал, бакьулъ унеб букIуна кIудияб асар гьабулеб кьурди. ЧIужугIаданалъулъ – нечей, яцIцIалъи, чIурканлъи, бихьинчиясулъ – бахIарчилъи, къадрулъи, тирилъи.

Росулъ бертин буго цо-кIиго къоялъ тIобитIун лъугIулареб кIудияб байрам.

Дида цIакъ берцин бихьула бахIарасул рокъое бахIарай тIойитIулеб гIадат. Рохалилаб рилълъин: къатIипагун кирхана, чиллай ретIарай, тIасан хъахIаб гормендоги чIварай бахIарай. Цо гьединайго къачIарай чIужугIадан кодоб бакараб чирахъги ккун, цогидалъухъ кодоб матIу, лъабабилелъухъ иццул лълъел цIураб гIеретI. МатIуялда жанисан паркъолеб чирахъул канлъи – бакъул гIаламат, гIертIиниб лъим – рес буголъи, баракат. ГIадада гурелъулха магIарулаз лъеда гIумрудул махI бугилан абулеб.

ЦIиял бахIарал жалго хутIараб мехалъ бахIарас, дунялалъулго бальголъи рагьулеб гIадин, борхула бахIаралъул гьурмадаса гормендо. Гьесда тIоцебе бихьулеб букIуна аскIосан гьелъул нечараб гьумер, багIарлъарал гIанаби, гьайбатал гъалал…

БахIарай иццухъе ячин! ГIемераб бихьана дида гьеб гьайбатаб гIадат, чанцIулго дицаго гIахьаллъиги гьабуна. БахIаралъул гьудулзаби рукIуна миллияб ретIелги ретIун гъажалда кенчIолел гIертIалги ран: гIертIазда тIад бакъул чIоразул накъищал, гIертIил тIалъелалда тIад гIисинал хIанчIи. Лъелги цIун гьел росулъе тIадруссунаго гIертIил тIалъел звангъезе байбихьула, дол хIанчIи чIаголъун, чIинчIидулел ругел гIадин. Гьез, гIагараб ракьалде ва гIумруялде рокьул цIезе ракIалги гьарун, бакъул, рокьул, гIумруялъул бакънал рачуна.

Гьанже гIолохъабазда, модаялда рекъон къачIа-кIатIай, катIари, эркенаб рагъа-рашари, заманалда цадахъ рилълъин бугилан ккола. Гьебин культурайилан руго ал. Гуро, хириял, культураялъул цIакъ гъваридаб магIна буго. Бищун цебе гьеб буго дурго умумузде, кьолбоде, гIадат-гIамалалде, гIасрабаз цIунун нилъехъе кьураб киназего гIаммаб бечелъиялде бугеб бербалагьи. КигIан беричайлъун, балъгояйлъун, багьаяйлъун, йикIуней халатаб гордеялда тIасан хъахIаб гормендоги чIван ячIуней яс…





Араб ракIалде щвезабулеб хIикматлъун букIана нижее, бащдаб бухIараб, кIодоэбелалъулго букIараб фотоальбом. Гьел суратаздасан нижехъ ралагьун рукIана халатал кирханаялъул ва чиллайдул гурдал ретIарал, тIасан гормендабигун симис халатал шалал чIварал нижер тухумалъул руччаби. Гьел сипатазухъ балагьун лъугьана дир ратIлил къагIидаги. Гьенисан буго дир устарасул квералъ гьарурал гIарцул тIагIалабазде кIудияб рокьиги.

ТIоцебесеб гонорар щвараб мехалъ дица халатал, лъабго кьер гьабурал гIарцул кIилкIал – цIурмал росана. Литературияб институталъул тIоцебесеб курсги лъугIун МахIачхъалаялде ячIунаго гьел дида ран рукIана. Гьединал кIилкIал доб заманаялъ лъицаниги ралароан. КъватIире кIанцIизарун бералгун рукIунаан руччаби дихъ ралагьун. Дирго рокъое, росулъе щварайго: «Гьелеха хIалчIахъад, Москваялде унилан я гъалал къотIун гьечIо, я къокъаб горде ретIун гьечIо, я гормендо бахъун гьечIо. Ралагье цо дол къилкIалги рекъон ругел куц», - илан абулеб букIана диде дир росуцояз. Дун каникулазда йигебгIан заманаялъ, киналго дир гьудулзабаз, улбузул гъансазухъеги раккун, рахъун рачIана къватIире гормендаби, тастарал, гIарцул тIагIалаби ва чIухIадго хьвадилел рукIана…

Пикрабалъ дирго лъимерлъиялде дун гIемерай щола. Бищунго ракIалде щола оцбаялъул байрам…

Гьале хIатIида гIицIго тамахаб ракьдаги чIун, дица гьениса гIакдае кьалбал ракIарулел руго. Гьале лъималазул горсверулъ гIодой чIун, нижее хIохьлачинаго белъараб гьанги хинкIалги росун рачIунел руго – гьеб махI дида жакъаги чIвалелб буго. Байрам рагIалде щолеб буго кучIдуздалъун ва кьурдабаздалъун – гьале, куркьбал гIадин, гIебеде ритIун квералгун дун кьурдилей йиго, росуцоязул хIайранаб бербалагьиялда гъоркь…

Кибе гьеб кинабго араб? Нилъер гIадатазул берцинлъи, пикрабазул рацIцIалъи, гIамалалъул рекъей? ГIадамаз цоцазул гьабулеб букIараб тIалаб, ургъел, кумек! КигIан берцинаб гIадат букIараб, рукъ балеб бугониги, хер бецулеб бугониги, бокь бахъулеб бугониги гвай бан цадахъ хIалтIи, гIака гьечIезухъе рахь босун ин… Гьеб кинабго рехсон бажарулищ!

Гьанже нилъеда бащдал риххарал росаби цIигьаризе бажарулищ? Нужер умумузул хурзабахъ ва магъалъабахъ ралагье. Доз мугъзада ракьги баччун, пурчIина, картошка бекьизе биццатаб гьелъул гьатги гьабун, хъизан кваназабулаан. Гьанже киналго ракьал чIобого руго. Гьел гIащикълъун руго къуватал, хIалтIи бокьулел ахихъабазул ва хурухъабазул кверазухъ. Токги буго, газги киналго гIадин росабалъе щвана, техникаги буго кинаб бокьаниги, щибаб соналъ вузаз специалисталги хIадурулел руго. Гьанже гьеб хIалтIи гьабизе нусцIул бигьаяб буго, цебе умумузе букIаралдаса. Гьез кинабго мугъалъ баччизе кколеб букIана. Щайха гьабулареб?

Оц балеб кьоялъниги а нужерго росабалъе, сунтIе цIидасан бегараб ракьул махI, ралагье тIабигIат борчIулеб куцалъухъ, салам кье ихдае! РакIчIола гIагараб ракьалде бугеб рокьи гьелдаса хадуб щулалъизе букIиналда. Гьелъ цIазе руго нуж нужерго кьалбазухъе, умумузул гIакълуялъухъе ва киданиги хисуларел гIумруялъул законазухъе!



## МУНГИ ДУНГИ

ЧIегIер ралъдал рагIалда
Салуда тIадги вегун,
ТIилги босун, гIолилас
Хъвана цо ясалъул цIар.
Гьеб ралъдалъе къулараб
Борхатаб кьуруялда
БегIераб нусалъ бикIун
Хъвана ясалъ гьесул цIар.
Гьел рихьун пашманлъана,
Нилъго ракIалде щвана...
СалутIа гIадин хъвана
Дуца дир цIар рекIеда.
Дица дур цIар бикIана
Кьурулъ гIадин щулаго.
Дуй щиб, тIасан квер бахъун
Дир цIарги хъвагIан рехун,
ЦIияб цIар гьениб хъвазе
ЗахIматаб жо гурелъул.
Дица щибха гьабилеб,
Кьурулъ рикIарал цIарал
ХъвагIан нахъе унаро,
Абги цIунун йикIина.

## РОКЬИ ККЕДАЛ РОРТУЛЕЛ

Ралъдал тIинда бижараб
Жавгьар гIадал къиматал,
Рогьалилъ харде ккарал
Щуб гIадинал рацIцIадал,
Рокьи ккедал рортулел
РухIарал магIил гарал
Меседил устарасда
Гурони рихьугеги!
Маххул къебедас гьелда
БакIаб квартIа кьабила,
Гьел гIисинал цIаязде
Къебелъухъ риххун ина.
Боркьун багIаризабун,
Лъелъалъ ччун цIорозе гьабун,
Чарамалда тIад гIадин,
ХIалтIила гьев гьезда тIад.
Амма жавгьар ралъдалъго
Лъадарун гIураб буго,
Рокьул магIил гаразул
Къимат гьабизе ккола.

# Дун рокьул дунялалда...

**ДИР РОКЬИЯЛЪУЛ КЬЕР КИНАБДАЙ БУГЕБ?**

Дир рокьиялъул кьер кинабдай бугеб?
Кинаб тIогьол махIдай гьелдасан чIвалеб?
Гьеб щиб къоялъгIаги дихъе бачIараб?
Дир керемалда гьелъ кида цIа лъураб?
Лъилали гьаракьалъ макьуги бикъун,
КъватIий дун ахIараб рогьалил гIужалъ –
БагIарлъун гьумергун баккулеб бакъалъ
Жиндирго кьерциндай гьелъие кьураб?
Дун куркьбалги рижун гIодой хъвачIого
Кияли йоржуней йигеб мехалда,
Дир рекIел хIал лъарал мугIрул тIогьаца
ХъахIаб гIазул кьерищ гьелъие кьураб?
Дун каранда ихгун ахикьеги ун,
Хиялал гьаризе гIодой йинкIингун,
Жиндирго кьерциндай гьелъие кьураб?
Ралъдал рагIалалда квералги чурун,
Карачалабалъе хIатIалги риччан,
ТIехь цIалулей йигеб къоялъ ралъадалъ
Жиндирго кьерцинищ гьелъие кьураб?
Августалъул сардилъ гордоги рагьун,
Дица чIалгIинчIого рикIкIарал цIвабзаз
ЦIадулаб бухIиги жидер кунчIиги
Дир рокьиялъедай бикьана тIасан?
ЦIад бан хадусала ахикьа юссун
Росолъе гIедерго дун унеб мехалъ,
Магъда тIасан кьолъун букIараб нуралъ
Жиндирго кьералдай гьелъий кьун тана?
Дир рокьиялъул махI щиб тIогьол бугеб?
Кинал мугIруздаса тIураб гьеб бугеб?
Доба ТIалъагIариб гIазулъан баккун,
"ТIоцебе батараб ихдалил тIегьалъ
ТIирщун бачIунеб дир балъгояб рокьуй
Жиндирго махIцинищ сайгъат гьабураб?
Лъадай, нахъеялъул ракI гурхIичIого
Дица бетIанщинаб алжандахIаялъ
"ТIадагьал, гьуинал жидерго махIал
Майиландай кьурал дир рокьиялъе?
Риидалил къоялъ хур чIаралелъул,
Хинаб бакъудаса рагIад гьабизе,
Дир ботIрода лъураб тIогьол тIагъуралъ
Жиндирго махIциндай гьелъие кьураб?
Гьудуласул гьурмалъ цIоройги бихьун,
ЦIогьолал хиялаз керен кунелъул,
Дица пал тIамизе тIутIурал тIугьдуз
Жидерго махIцинищ гьелъие кьураб?
Доба Москваялда паркалъул кIалтIа
МагIарулавгун дун дандчIвараб къоялъ,
Дос дие росарал гIинтIидул тIугьдуз
Жиндирго махIциндай гьелъие кьураб?
Дир рокьиялъул кьер кинабдай бугеб?
Кинаб тIогьол махIдай гьелдасан чIвалеб?
Гьеб щиб къоялъгIаги дихъе бачIараб?
Дир керемалда гьелъ кида цIа лъураб?

# Фазуе рагIи

*Литинституталде цIализе дун лъугьарай мехалъ ГIалиги Расулги жеги гьитIинго рукIана. Дида кколаан дун ине кколин, кверги ракIги гIатIидав, рокьул къимат лъалев чиясейилан. Мусайин абуни дие цIакъго гIадатияв вугилан кколаан дида. Цо нухалъ къасимехалъ дихъе общежитиялде рачIана Юсуп Хаппалаев, АхIмадхан Абубакар ва цогидалги дагъистаналъул хъвадарухъаби ва бицана Муса поездалда гъоркье кIанцIизе анила, иргадулаб дир инкаралдаса хадубилан. Гьеб махсаро букIин бичIчIиларищха, амма гьел гьедарана МусагIан лъикIав росги лъималазе эменги дие щоларилан. Гьелдаса хадуб дун гьесухъ батIиял бераз ялагьана ва кватIичIого ниж данделъана.*

*Баркала буго Мусае унгоги дир лъимал жиндирго гIадин рокьаралъухъ. Хадур гьарурал МахIачги Жамбулатги Мусаца кIудиял вацаздаса мисал босизе тIамулел рукIана. Гьез кинаб букIаниги гъалмагъир гьабуни «ГIалида бицина, Расулида абила», - ян абулаан Мусаца. Вацал гIуна цоцалъ цIакъ гъункарал, гьеб, бищунго цебе, Мусал тарбия буго...*



# Дие загIипайлъун йикIине бокьун буго



Бихьинчиясда тIад ханлъун йикIине гьаюн йикIарайани, чIужугIадан Аллагьас гьесул ботIродаса гьайилаан, лагълъун йикIине гьаюн йикIарайани – хIатIидаса гьайилаан, гьесда ракIги хIалги бащадай гьудуллъун йикIине гьаюрай йикIиналъ, гьаюн йиго чIужугIадан Аллагьас хьабалухъгIучIалъул.

*Аврелий АВГУСТИН*

Аллагьас дие гIемераб жо кьун буго, гьединлъидал дица щибаб къойил абула АлхIамдулиллагьилан. Амма бищунго Аллагьас дие кьун буго сабру. Мусацагицин абулаан дида Валлагь Аллагьас дуе кьун бугеб сабруйилан. Дир васаз жидерго руччабаздаги абулеб рагIула, гьадаб эбелалъул сабру гIолеб гьечIин дуейилан.

Лъаларoха гьаюрайищ Дагъистаналда цоги чIужугIадан, дида тIасан гIадин гIемераб гIадамаз хабар бицарай ва тIаде чороклъи тIурай. Бищунго гIемер бицана дир катIариялъулги прическаялъулги. КIикъоялда анцIго сон бана дица дирго гъалал росун рорхалъуда лъуралдаса, жеги гьеб темаялъул кIвар буго гIадамазе.

Цониги чиясда ракIалде ккечIо, Фазуда киназдасаго цебе бихьана дунялги гIадамалги, Европаги Азияги, амма жиндирго магIарул чIужугIаданалъул ратIлиеги хисичIо, яхI-намусги цIунана, модаялда гьечIилан улбузул кIазал ричулел, къокъаб расалъул пическаби гьарулел ясал ругеб мехалъ, - ян абизе.

КучIдулгицин хъвана дир прическаялде. Дихъе кагъталгицин рачIунаан, кинаб прическа гьабилебали мальа-хъваялгун. Амма дица гьеб киналъухъго гIинтIамичIо. Дида рагIулеб букIана дида нахъасан бицунеб щинаб, амма «Пихъ кьолареб гъотIода тIил речIчIуларилан», кIодол рагIабиги ракIалде щун, санцин гьаричIо.

Бищунго кеп букIунаан гьелго чагIи дихъеги рачIун, дур берцинлъийила, дур ссийила, ханзабазул руччабазул букIунеб гIадаб прическаялъул рекъейила, кучIдузул гъварилъийила, рекIехъегицин лъалилан бицине лъугьиндал. Ханзабалъеги яхинаюлей йигелъул, тIасан ялагьун, гьимун толаан дица гьел.

Гьединго толаан дица росги, гьитIинаб жо сабаблъун гьаракь борхизе гьабидал. Хасго гьесул ццин бахъунаан гьев тIад хъвадарулеб стол сабаблъун.

- Дир тетрадь кибе араб?
- Дида бихьичIо.
- Абула гури щибаб къоялъ дир столалде аскIоре къагейилан. БацIцIунге гьаниса хIур. Гьаниб цо хъвай-хъвагIаял гьарураб тIамачги букIана. Киб лъураб?
- Валлагь лъаларо, Муса, дун столалде аскIоецин къачIо! – йилан гьимизеги гьимун, дун площадалде тира-сверизе яхъунаан.

Тетрадь гьесулго хIалтIуда батулаан, доб хъва-хъвагIаял гьарураб тIамач тIаждал яги пальтоялъул чвантиниб…

Дун рокъое щвелалде Муса гIодовеги виччан хIалтIилев ватилаан.

- Валлагь дица гIажаиблъи гьабула дур сабруялъухъ, - илан абулаан гьес угьунги биччан…

Амма цо нухалъ лъугIана дир сабру, щиб ккун букIарабали лъаларо.

Гьеб букIана гIодобкъо, цониги васасе жеги чIужуги ячун йикIинчIо. Дида ракIалде ккана цIурачадал гьаризе. Нижер кIудияб хъизаналъе гьелги гIезегIан гьаризе кколаан.

Мусал хIалтIул стол цогидаб рокъоб букIана, гьев гьенив хъвадарилев вукIана. Ханжу кIкIукIкIазе дун лъугьиндал рагIана:

- Фазу, цо къвакIараб чай босе, куракул мурапагун дие, - йилан гьес абулеб.

КIвараб хIалалъ ханжуги квераздаса батIа гьабун, босун чай лъуна Мусада цебе.

Гьанжего гьанже буцараб жо данде бачIиналде рагIана:

- Фазу цо тIаде рехизе жо босе, накаби квачалел руго.

РацIцIун кварелгун, екерун гьесул накабазде одеялоги рехун нису хъуризе жуялаго:

- Фазу, клей босун ячIая, гьаб дираб бакъван бугин.

Цо рагIиги абичIого, дирго столалдасаги босун лъуна Мусада цебе клей.

Жеги цIурачадазе жал хIадурун рахъун рукIинчIо:

- Фазу, гьаб форточка къай.

Гордуги букIана битIун гьесул столалда цебе, цодагьав гьункьани кIолаан форточкаги къазе. Дицайин абуни богорокъоса бакIги босун къазе кколаан гьеб форточка. Дир сабруялъул иш лъугIана ва форточка речIчIизабиялъул кутакалъ кинабго цIер ана щущан.

- Дихъа тIокIаб бажаруларо… Дуда дун… - илан цо жалги рикIкIунаго дун кIаланчIадил горделъ, ботIрода гьитIинаб хъахIаб чIинчIогун, хIатIида рокъор ретIунел тIад чIвалел жалгун рокъоса къватIие екерана, спортивияб формаялда гъорлъ Мусаги дида хадув. Дун йоржун ячIиней йикIана. Муса хадув гъечIо. Кинал гоги рукIана бетIердай гьалъул сверун бугоян дида хадур ралагьун. Площадь бакьулъ цо квераз ккуна дун. Гьев ватана Лъайкьеялъул министрасул заместитель МухIамад ХIамзатов, цо чигун дандчIвазе площадалде вачIарав.

- Фазу, щиб ккараб? Мун кие йоржуней йиге?

- ТIокIаб кIоларо дида, бокьун гьечIо…, - ян гIодана дун. Гьеб мехалъ тIаде Мусаги щвана ва гIажаибго бичIчIизазабуна лъугьа-бахъунеб.

- Фазу – гьей вулкан йиго. Бокьараб мехалъ кIанцIизе бегьулеб. Гьей дунгун ракI хун йиго.

- Фазу, мун гIакъилай, бахIарчияй чIужу йиго гури! Рокъореги ун, гьениб роцIинабе нужеда гьоркьоб ккараб, щиб батаниги. Гьаб кинабго гIалам бакIарараб болкьотIноре рахъинчIого, - ян абуна МухIамад ХIамзатовас, дунги рукъ бугеб рахъалде сверизаюн.

- Бокьун гьечIо дие я гIакъилайлъун, я бахIарчияйлъун йикIине, бокьун буго загIипай чIужугIаданлъун йикIине – ян дагьабги цIакъ гIодана дун.

Ахирги бажарана гьесухъа ниж рокъоре ритIизе…



ГIемераб мехалъ жанибги гъанкъун, къватIибе кIанцIараб вулкан букIана гьеб унгоги…

КигIан гIисиназдасаги байбихьун чIахIиял проблемабазде щунги кидаго кинабго букIана дида тIад. Щиб кканиги росги лъималги – «Фазу!», «баба».

Диейин абуни бокьун букIана загIипайлъун йикIине, росасул гъажалда бетIерги лъун киналго ургъалаби тIаса росун ине. ЖахIдачагIазул гIакъуба бигьалъизабизе. Дие бокьун букIана ракI рагьизе, цо лъица букIаниги гьениб лъугьунеб бугебги бихьун, дитIа лахIзаталъниги гурхIизе, хIалимго тIад квер бахъизе. Гурони, гIумруялъ, дун бахIарчияйги, къвакIарайги, гIакъилайги, къо хIехьолейги, сабурайги, цогидал ричIчIулейги. Дида киналго ричIчIизе ккола, киналго гIодоре риччазаризе ккола. Дун лъида йичIчIилей?! Дие загIипайлъун йикIине бокьун буго, лъицаниги дунги цIунизе, дирги тIалаб гьабизе!



# Фазул хIакъалъулъ рагIи

*Кидаго Фазу ГIалиевалъул творчество кIиго нухдасан унеб букIана – цо лирика, цогидаб рагъул ва ВатIан бокьиялъул хIакъалъулъ поэзия. КIиябго нух цолъизабулеб буго бищунго къуватаб ва абадияб асаралъ – рокьуца. ГIумруялде рокьи, гIадамазде рокьи, тIабигIаталде рокьи гьелъул ВатIаналде рокьиялде сверулеб буго ва гьелда цебе борчлъун, жакъаселъулги букIинеселъулги кьучIлъун бугеб бахIарчияб тарихалдаса чIухIилъун, берцинал гIадатазе ритIухълъилъун лъугьунеб буго.*

*Фазу ГIалиевалъул тIахьал Москваялъул киналго издательствабаз риччана къватIире: «Советский писатель», «Советская Россия», «Воениздат», «Художественная литература», «Детская дитература», «Малыш». «Огонек», «Крокодил», «Дружба народов», «Известия» журналазда цадахъ лъолел тIахьаллъунги риччана. Гьелъул тIахьазул тираж дагъистаналъул гIадамазул къадаралдаса чанго нухалъ цIикIкIараб буго.*

*1969 соналъ, Дагъистаналъул халкъияй шагIирилан цIаралдаса хадуб, Фазу ГIалиева лъугьуна Совет Союзалъул кIиабилей, амма бищун гIолохъанай шагIир – чIужугIаданлъун. «Ракьул гIерекъ гьороца унаро» романалъухъ гьей мустахIикълъана СССР-алъул хъвадарухъабазул Союзалъул ва ЦК ВЛКСМ-алъул премиялъе. Советияб Армиялъул 60 сонил юбилеялде гьелъие кьуна СССР-алъул обороналъул Министерствоялъул премия. Совет Союзалъул бахIарчи АхIмад ГIабдулмажидовасул хIакъалъулъ хъвараб «АнцIила микьабилеб их» поэмаялъухъ Фазу ГIалиевалъе кьуна Сулейман Стальскиясул цIаралда бугеб премия.*

*Фазу ГIалиева йикIана киналниги жанразда хъвадарулей рагIул устар. Цого тIадегIанаб даражаялда хъвалаан гьелъ лирикаги прозаги. Унго-унгоги халкъияллъун лъугьана гьелъул миллияб хаслъи бугел ва гIасрабазул бечедаб маданиятгун тарих жанире рачарал асарал.*

# Дир заман

Кинабго гьаб дунялалда гIиси-бикъинаб жо буго. Гьанже ракI бухIун буго дир, лъицаяли щибалиго абун бугилан ракI бакъван, гьелъул ургъалида хвезабураб заманалда хадуб. Дозда бичIчIичIониги, дида бичIчIизе кколаан. Лъилалиго рекIелъ борхьал шуршудилел рукIунилан, гIадал нахул бакIалда цIулал ххара букIунилан, дица диего гIакъуба щай кьезе кколеб букIараб?

Росуги кIибикьун, бакъуда данде басандилеб бугеб росдал лъарал рагIалда чIун йиго дун. ТIоцебесеб рокьи гIадаб бацIцIадаб гьелъул тIиналдаса кьер-кьерал ганчIал руго кенчIелел.

Дир заман, гьанже дие дур хиралъи! ГIумруго, цо-цо чияр гIантлъиялъ ва ццидаллъиялъ бецIлъизаруниги, дуца хIалхьезегIан дие кьурал, къимат тIокIал лахIзатаздасанлъидал гIуцIцIун бугеб.

Дир заман, гIемераб гIакъуба захIматги къулчIун, рагьана дие дур гIакъиллъи, бичIчIана дур къимат: ралъдахъе гIедегIараб ва океаналъухъ анищалда абадиялде унеб бугеб росдал лъарал къатIраялде данде ккун, кинабго гIиси-бикъинаб жо буго. Дир заман, дие дур щибаб лахIзат къиматаб буго!

# Дир рекIел цIа

Бищун къуватаб цIа – гьеб ккола рекIеда бакараб цIа. Гьелъ гIадан гьавула къуватавлъун, бахIарчиявлъун. РекIа, рекIа, дир рекIеда цIа! ГIемераб захIмалъи баччизе ккана дица! Щибаб нахъа тараб захIмалъиялъ къуватайлъун гьаюлей йиго дун. ГанчIица кьаву чIвараб махх цIвакизабулеб гIадин, захIмалъалаби дандчIванагIан, гьезда тIасан гали бегьизелъун, дир рекIелъеги щулалъи ва рацIцIалъи рештIунеб буго.

ЗахIмалъалабазда тIасан гали бегьулаго, дида бичIчIана, дир рорженалъул борхалъи хIехьоларел, жиделаго рекъон дунги йикIине къваригIарал цо-цо чагIазул рокьукълъиялдаса дирго рокьул цIа гIемер къуватаб букIин. Дида данде ругезул жахIдаги цинги авал-ахир гьечIеб бугеб гIадин, дир рорженги буго гIорхъи гьечIеб.

РекIа, рекIа абе гьаб рекIеда цIа! Гьелъул кIодолъи – гьеб ккола абадиялъего бугеб дир бажариялъул гъоркьлъел.

# ТалихI

ТалихI... Льицаха дие бицинеб щиб жо талихIали!? Щивас бицина жиндирго къагIидаялъ. Цоязе талихI ккола – габуралда жемарал жавгьарул маржанал, цоязе чехь гIорцIизегIан кванazарурал лъимал. Дицани абила талихI гьечIилан. ТалихIкъосиналдаса рорчIи нилъеда ккола талихI бугилан. Инсан гIакъилав, цIодорав вугогIан, талихI рикIкIалъула гьесдаса. Кинабго бичIчIулев, лъалев чиясе квеш букIуна. Гьев гIумруялда, гьеб хехго унеб жо букIиналда тIад ургъула. Киналго уна, тIагIуна. Амма инсанасе гIумру кьун буго чIаголъи гьабизе.

Цо нухалъ захIматго унтана дир эбел. Нижерги гьелъул жиндирговги анищ букIана хехго сахлъи ва больницаялдаса къватIие йиччай. Чан макьу тарал сардалха нижеца эбелалда аскIор рогьарал. Гьей сахлъана. Нижер талихIалъе гIорхъи букIинчIо! «Щибго кIваричIо, дирго бохдузда эхетизе, кверал рагъаризе кIваралдаса. АлхIамдуллилагь» - ан гIодулаго абулеб букIана эбелалъ.

Дун гIемерай яхъана туснахъазда цее кIалъазе. «Гьаниса къватIире рорчIигIан кIудияб талихI нижее гьечIо. Эркенльиялдаса цIикIкIараб талихI букIунаро», - ян абулеб букIана гIолохъанал васаз.

КъватIиб лъикIаб гьава -бакъ буго. Дун дирго бохдузда, меседилаб хасалихълъиялдаса берги гIорцIуларого, унеЙ йиго. КигIан талихIайдай дун йикIинаан, дир вас ГIали, цо параялъгIаги дуе гIумруялъул хиралъи ва мун жакъа чIаго гьечIевлъи кIочене кIолеб букIарабани.





# РакIалда бугищ, Фазу?

Нижехъе Дагучпедгизалде Фазу ячIана 1962 соналъ.

… Редакторазул рокъоб гIадатияб къо. Киналго гIадин рукIана жидерго хIалтIуда нахъа. Нухмалъулес жиндирго кьварараб гьаркьидалъун типографиялъе тIадкъаял кьолел рукIана. Лезгиязул редактор авторасда тIад рекъоларого вукIана. Авторасул ццин гьалаглъулеб букIана. Сордокъо борчIунлъидал гьев жиндирго асаралда тIад хIалтIарав. Бигьаго букIинчIо гьесие редакторасда тIадкIалъаязе мукIурлъизе ва кIиялго гьаркьал рорхун кIалъалел рукIана.

Цогидаб рахъалда рагIизабун цIалулеб буго кинабалиго асар. Гьаракь букIана редакциялда найил тIалиниб гIадаб. Амма, Фазу, дуда щибго рагIулеб букIинчIо. Мун йикIана ахIунго ахIун цин кечI, цинги хабар цIалулей. Цин мун кIарун елъулаан, цинги багIарал гIанабаздасан чваххун магIу бачIунаан. Нижее мун йихьарайго йокьана ва тIоцебесеб къоялъго цIар лъун букIана кIаркьаби багIарай ясилан.

РакIалда бугищ, хирияй Фазу, кигIан кIудияб кIвар кьолеб букIарабали дол соназ цIалул ва методикиял тIахьазде?

ЦIалулгун-педагогикияб издательство букIана доб мехалъ Лъайкьеялъул министерствоялъул нухмалъиялда гъоркь ва гьениб хIалтIулаан цIалулгун методикияб советги. Гьелъул нухмалъулевги вукIана Лъайкьеялъул министерствоялъул тIоцевесев заместитель МухIамад ХIамзатович ХIамзатов. Методсоветалда цебе лъун букIана авар, лак ва лезги мацIазда 3 классалъе цIалул тIахьал рахьиялъул суал.

Дун ахIун йикIана гьеб данделъиялде лак мацIалда 3 классалъул цIалул тIехьалъул автор хIисабалда. Мун йикIана авар мацIалда бахъулеб тIехьалъул редактор. Автор хIисабалда дица бицана тIехьалда жаниб щиб бугебали ва гьелъул гIунгутIи бугин Дагъистаналъул гIумруялде данде ккунгутIийилан. Гьеб тIехь бугин гIурусалдаса сверизабураб, нилъее гьедигIан данде кколареб, гьелъ лъималазе я лъай кьоларин, я ВатIаналде рокьи куцаларин. ЦIалул тIахьаздасан лъималазе цин жидерго росдал, хадуб республикаялъул хIакъалъулъ бицине кколин. Гьелдаса хадуб кIудияб ВатIанги дунялги рагьизе кколилан абуна дица.

ГIалимзабаз мукIур гьабуна методсовет лъималазе дагъистаналъул адабияталъул тIехь бахъизе кколин абун.

Фазу, ракIалда бугищ, чан нухалъ, кваригIарал кагъталги росун, Дагъистаналъул лъималазе адабияталъул тIехь бахъизе кколилан, гьел мукIур гьаризе мун арай министрасухъе, гьесул замасухъе, школазул институталъул директорасухъе...

Хирияй Фазу! Мун куркьбалги гъун юссана Москваялдаса. Гьелдаса нахъе Совет хIукумат биххизегIан рахъана лъималазе 6 мацIалда тIахьал. БакIалъул асараздалъун бечед гьаруна ва гьез куцана лъималазулъ ВатIаналде рокьиги, бечед гьабуна рахьдал мацIги.

Дагь-дагьккун мун яхана тIаде. Корректорлъиялдаса редакторлъиялде, гьенисанги лъималазе адабияталъул тIахьал рахъулеб редакциялъул бетIерай редакторлъун…



Цо багIарараб риидалил сордоялъ телефоналъул гьаракь бахъана. Босана трубка:

- Курзи Мамаевна, тIаса лъугьа, цо дур кумек кваригIун букIана.

- Муса, щиб ккараб? Фазу унтунарунищ? Лъимал щиб гьабулел ругел?

- ГьечIо унтарав чиги, киналго лъикI руго. Баркала. Дун батIияб суалалъ кIалъалев вукIана. Дир Фазу «МагIарулай» журналалде тIамулей йиго хIалтIизе…

**Курзи КАЖЛАЕВАЛЪУЛ**
**ракIалдещвеяздаса**



# ЧIужугIадан

Гьеб суалалдасан макъала байбихьани, цо–цоязда ккела хъвалев чиясул бетIер сверун батилилан, журналалда къватIибе бачIани ккела, редакторасул бетIер сверун батилилан.

Халкъияй, дунялалда цIар рагIарай поэтесса. Республикаялъул журналалъул редактор. РикIкIен лъаларел хъулухъал тIуралей инсан. Кинаб гIака?!

Гьелъулцин бицинаро, Дагъисталналдаги, цебе букIараб СССРалдаги цониги ватиларо Фазу ГIалиева лъаларев чи. Киназдаго лъала гьелъул килщазда рукIунел баргъичал, гьелъул гIинда даларал кIилкIал. Гьелъул сурат цебе чIезабизе кIоларев чи щив ватилев? Гьелъ гIака кин бечIчIулеб?

Гьелъулги бицинаро, магIарулазул цо хасаб гIел буго Фазу ГIалиевалъул цIаралда цадахъ гIураб! Гьеб гIел школалада цIалулеб мехалда Фазу ГIалиевалъул хаслихълъиялде хъварал кучIдул рекIехъе лъазарулел рукIана. Гьеб гIелалъул ясал Фазу ГIалиевалъухъего кучIдул хъвазе лъугьана, гьелъул кучIдузул тIахьал данде гьаризе васал лъугьана. Гьеб гIелалда Фазул гьумер телевизоралдасан кида паркъун аниги лъала, Фазул гьаракь Америкаялдасан рагIаниги батIа бахъизе лъала. Гьединай инсаналъулги гIакдалги хурхен бугебищилан гьикъизе бегьилебищ?

Бегьула. Гьей йиго чIужугIадан.

ЧIужугIадан. Фазу йиго Гиничукь росулъ гьаюрай магIарулай. Фазу ГIалиевалъ, ккани магьги баччула, къеда ракги чIвала, гIертIида къвалги бала… Гьабизеги кинабго гьеб рикIкIунаго кечIгун гьабула. Яги жиндирабго рикIкIунаго гьабула, яги батIияв поэтасул рикIкIунаго гьабула. Гьелъие батIалъи гьечIо лъикIаб кечI лъил букIаниги.

Лъиданиги лъалеб батиларо Фазул гIумруялъе кучIдузищ чIаголъи кьолеб, яги Фазул гIамалалъ кучIдулищ чIаго гьарулелали. Гьелъул гIумруялъулъ рессун кучIдулги руго, кучIдузулъ бессун гьелъул гIумруги буго.

Бокьараб бакIалда, бокьарав чиясе, бокьараб ахIвал–хIалалда гьелда кIола гьеб бакIалде данде кколел кочIол рагIаби рикIкIине. БачIинеги бачIуна, гIажаибго.

Цо сордоялъ кIиго поэтги дунги щвана Фазу ГIалиевалъул рокъоре. Мусаца нижер салам буссинабун бахъун букIинчIо, хIалтIудаса рокъое юссун ячIана Фазу. БатIияб чIаголъиялъул цIуна рукъ. Дида ккана рокъор ругел бакIалги, шкафалги, тIахьалги цадахъ кIанцIезе лъугьанилан. РакIалде щвана Фазул кочIолъ ругел гьал рагIаби:

*Дица нужер къасдал, тIолго анищал*
*ТIуразе гьарила гьабсагIаталда.*

Гьабизеги гьабуна абухъего – «гьабсагIаталда» – босун шишаги столалда лъуна, жийго богорокъое тIерхьунги ана… рикIкIунаго цо кечIгун. «Щиб хъвалевгIаги мун вугев?» – илан Мусада гьикъун бахъун букIинчIо, тIад юссун ниж ругеб рокъое ячIана Фазу, кодоб ккун къакъалеб реччеб лъаларо, нисдал горо лъаларо – цо жоги буго, гурун рукьабиги руго, ботIрода къан батIияб кIазги буго, гьанжеги рикIкIунел кочIол рагIабиги руго.

РагІаби ракІалда гьечІо (хІобода бухьараб гьоболасул чол хІакъалъулъ букІанилан ккола). Цойгиги кечІги рикІкІунаго тІад юссун добго богорокъоеги ана. «Хъван бахъунебгІаги гьечІищ?» – илан Мусада гьикъун бахъун букІинчІо – тІад юссун ячІана Фазу, рикІкІунаго кечІгун (магІида бараб ханжаралъул хІакъалъулъ букІанилан ккола) кодоб ккун нисдал пурщинагун. Дида гьединан хехго бежараб пурщина жеги бихьун букІинчІо. ТІагІам газеталъул кагътица къватІибе кьоларо… Гьеб мехалда бичІчІана дида «гьабсагІаталда» – ян абураб рагІи кочІолъе зодоса рештІун бачІараб гуреблъи.

Дида гуребги бичІчІун бугоан гьеб рагІи зодоса рештІараб гуреблъи.

ЦІакъ гІемерав чи данд чІвана дида Фазу ГІалиевалъухъе унев вугилан. Цоясе къваригІун букІуна машинаялъе «запчастал», цойгидасул дагІба–къец букІуна ракьал рикьулеб бакІалда, лъабабилев вачІуна жиндир лъимер больницаялда лъеян, анцІабилев вачІуна Москваялде билетилан, къоло щуабилев вачІуна квенги макьуги тун хъвараб рокьул кечІ бугин цо–кІиго сагІаталъ жиндихъ гІенеккейилан. Киназдаго лъала «гьабсагІаталда» – йилан абураб рагІи.

Гьединай йиго Фазу. ЧІужугІадан.

Юбилеялда хурхинабун хъвалеб макъалаги бугелъул, тІадехун абураб тасдикъ гьабулеб, Фазудасан бицунеб «анекдот» гІадаб жоги рехселин.

Нагагьлъун Фазу ГІалиевалда аскІоре рачІани: «Фазу, цІакъ хІажат ккун буго, бегьилеблъун батани цо нусазарго гъурущ кье» – ян, Фазуца абулебила: «Вабабай, вададай, щибдай гьабила ункъоялда анцІила ичІазарго гурони гьечІеб дихьги…» – илан. Щибниги гьечІеб бакІалда махсаро бижуларо – хІакъикъаталдаги Фазуда гьеб «къезе кІолареб азарго гъурщил» ургъел чІвала.

Гьей магІарулалъулъ, гьей чІужугІаданалъулъ буго сверухъе бугебщинаб жо багъа-башаризабулеб гІажаибаб къартІги, гьимиги, босулеб кверги, абулеб рагІиги, гІажаибго щибав чиясда батІа бахъизе лъалеб гьаракьги. Щиб бугониги жо Фазуда бицунеб бугони «агьа, агьа, агьа», – илан йикІуна, гІенеккунцин гьечІеб гьалъие гьаб бицун дие щайин букІарабилан бухІун бахъун уна чехь – дудасаго лъикІ бичІчІунги батула, дудаго бичІчІуларого бугеб тІадеги жубала. Бицунеб жоялъул добе анибе свериги букІунаро, цІулалъ къабураб магІ гІадин, чІванкъотІун, мухІканго, щаклъи кколареб къагІидаялъ абула.

Гьелъул гІаданлъиялъ вачІарав чи хисизавула, жиндехунго вуссинавула. Пашманго бортун унеб гъоркьияб кІветІги кодоб ккун вачІани, чІинкьа–кІитІизавун витІула, чІинкьа–кІитІун вачІани, жиндаса талихІав чи ракьалда ватиларилан ракІчІезеги гьабун къватІиве витІула. Бакьулъа гІебеде бачунеб, гьоркьохъеб хІалалда гьабулеб жоги щибниги букІунаро. ГІинда кІиликІ базе ккани бала жибго–жибго квешезе гІадин, рагІи абизе ккани абула лъабго зани цадахъ бегулеб хІалалда, столалда зар базе ккани бала кІиябго цадахъ.

Фазул буго цо гьадинан байбихьулеб кечІ:

*Дида цо лахІзаталъ цебе бачІана*
*ТІолабго дуниял дунго гьечІого.*

Кинабха Фазуда батараб жийго гьечІеб дуниял? Гьадинаб батанилан хъвалеб буго гьелъ:

*МугІрул, нуж цІоророл ганчІаллъун руго,*
*Каранда тІегь гьечІо, тІогьиб цІер гьечІо.*
*Кибниги чІаголъи, гІадамал гьечІо,*
*ГІодоб биччараб сас…*

Гьел рагІабаздаса хадуб Фазуца мухІканаб чІванкъотІараб хІасилги гьабулеб буго:

*…гьаб дунял гуро!*

Гьедин абизе ихтиярги буго Фазул.

Гьединай йиго Фазу. Гьединай йикІинчІейани гьей Гиничукьа Фазу ГІалиеваги йикІунароан.

Киданиги кІоченаро Фазулгун тІоцебесеб лъай–хъвай ккараб къо. Доб букІана щуго–анлъго соналъ цебе, Фазул творчествоялъе ревизия гьабизе «критикал» лъугьараб заман. Хасго гурхІел тун бухулеб букІана «Комисар» – илан абулеб цо поэма. Цоял чІун рукІана гьеб поэмаялда «хъарахъ» – илан хъвазе кколеб бакІалда «гъветІ» – илан хъван бугилан. Валлагь гурин, «гъветІ» – илан хъвазе кколеб бакІалда «хъарахъ» илан хъван бугилан чІун рукІана цойгидал. Гьоркьоб чІван цо «гІинтІи» – ян абураб рагІиги букІана. Газет–журналаздаги Фазулги гІинтІиялъулги гурони бицунеб жого букІинчІо. Гьедин йикІана Фазу ГІалиева.

Цо гучав хъвадарухъан вахъине нигаталда, кІиго хабарги босун дун щвана «МагІарулай» журналалде. Дунялалда цІар рагІарай поэтессаялъухъе уневги вугелъул хъахІаб гордеги ретІана, щокъроре щвезегІан гьелъул маргъалалги рахана, мухІканлъизе тІасан галстукги бухьана. Гьелъул творчествоялде тІаделъун ругелъул щцидатІа, кеп гьечІого ятилинха гьейилан ракІги букІана. Фазуда гьадингояв чи вугин дунгоян ккечІого букІине, поэзиялъул бицине къачІанги вукІана.

Данде яхъун ячІана Фазу.

– Вабабай, – илан абуна гьелъ, дир чІужу лезгияй йикІарайлъи кисан лъан букІарабали, –гІайиб гурищха гьадинав вас лезгиялъухъе ккезе…

Гьородахъ босун ана ботІролъ букІанщинаб поэзияги, прозаги, гІинтІиялъул хІакъалъулъ бицинехъин букІанщинаб хабарги.

Дида «МагІарулай» журналалъул редакторлъун ятичІо я халкъияй поэтесса, я гІемерал цІарал щварай магІарулазул прозаик ва орденал медалал росарай дунялалда цІар рагІарай Фазу ГІалиева. Дида гьений ятана чІужугІадан.

Гьединабго чІужугІаданлъи буго гьелъул творчествоялъулъги. Цо хабаралда Фазу ГІалиевалъ, цІцІадукь эхетарай ясалъул хІакъалъулъ, хъвалеб буго гьадинан: «…гъалал бакІлъана…». Цониги бихьинчиясул ботІролъе киданиги рештІунаро гьединан мухІканго сурат цебе чІезабизе кІолеб рагІи. Щибаб кочІолъ, щибаб рагІулъ, щибаб мухъалъулъ Фазу бищунго цее йиго чІужугІаданлъун. Гьаниб халат гьабун бицине бегьилаан Афганистаналъулги…

Гьединай йиго Фазу.

Гьал къоязда гьелда къан бугеб Дагъистаналдаго лъалеб чохтІо гІеларищ!

Нилъер магІарулазул хаду–хадурги поэталги, хъвадарухъабиги рижизе Аллагьас хъван батани, зама–заманалдасан Фазу ГІалиевалъул хІакъалъулъ хъвараб рагІи нилъеда данд чІвазе буго. Фазу йиго. Киназего гуро рес щолеб гьелда юбилей баркизе. Гьединлъидал дица «гьабсагІаталда» баркила.

Фазу, баркула дуда анцІила микьго сон тІубай!

**ХІурматгун, адабгун ГъазимухІамад ГЪАЛБАЦІОВ**
**05.12.92**



# Фазу лъидаго релълъарай йикIинчIо!

Дида Фазу лъала ГIарани гьоркьохъеб школалда гIолохъанав учительлъун хIалтIулеб мехалдаса нахъего. I940 соналъ дун вачIана гьениве дарсал кьезе. Гьей тIоцебесеб классалдаго йикIана кучIдул хъвазе хIалбихьи гьабулей. Цо заманаялъ Фазуца гIумру гьабулеб букIана нижер рокъобгицин. Ниж ккола гIагарал чагIи. Хадув дун ана МахIачхъалаялде, цинги Москваялде ва гьейги берда цееса ана. Ва Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалъул гIолохъанав председательлъун вугеб мехалда ЦIадаве щвейгун дида цее йихьана поэзиялъ гвангъизаюн ячIуней гIолохъанай гIадан. Нижеца гьей йитIана литературияб институталде цIализе, ва гьенисан байбихьана Фазу ГIалиевалъ кIудияб поэзиялда гъорлъе ячIине. ШагIиралъул творчествоялъ жиндиего мустахIикъаб бакI ккола Дагъистаналъул литератураялда.

Фазу ккола-захIматчIужу. Дагъис¬таналъул халкъияв шагIир Юсуп Хаппалаевас дида бицана сагIат щугоялда ворчIизавулила жив мадугьал Фазу ГIалиевалъул хъвадарулеб машинкаялъул гьаракьалъ абун. Гьелъ хъвана рикIкIен гIемерал кучIдул, поэмаби, прозаялъул асарал. Гьелъул поэзиялъул иццал ккола - Дагьистан, гIагараб росу ва гьаб ракьалда гIумру гьабулел гIадамал. МагIарулазул жиндирго ватIанцоязул жанисеб дунял рагьулаго Фазу ГIалиевалъ гвангъун церечIезарула жиндирго халкъалъул лъикIал хасиятал - гьелъул цолъи, бахьинчилъи, гIакъиллъи, калам дагьлъи, рокьизе бажари, къвакIи, гIумру гьаби, тIабигIат, гIадатал.

Фазу ГIалиевалъул поэмабазул, кучIдузул прозаялъул героялги обра залги - гьел кколаро ургъун, планалъулаб къагIидаялъ церечIезарулел чагIи, гьел руго жакъасеб кьоялдаса росарал чIагоял гIадамал. ШагIир, Лирик, трибуналъул шагIир, гьей кидаго йиго республикаялъул общественныяб гIумруялъул бакьулъ.

Дица тIадегIанабб къимат кьола гьелъул захIмат бокьиялъе ва кIоларо Фазудаса тIадчIун, пихъ кьолеб къагIидаялъ хIалтIулев цогидав шагIирасул цIар абизе. Божула Фазу ГIалиевалъе гьадинаб свак, къуркьи гьечIолъиялъ, хIалимлъиялъ, аудитория асир гьабизе бугеб гьунаралъ жиндирго творчествоялъул гIищкъуялъ, рухIияб къуваталъ квер-бакъулеб букIиналда гIумруялъул нухдасан чIухIадго бетIерги борхун инеги, гIолохъанаб гъираялда хIалтIизеги. Цо нухалда дица дирго кIалъаялъул цоялда абуна, Фазу лъиданиги релълъарай гьечIо - гIицIго жиндаго гурони. ХIакъикъаталдаги гьединай йигизеги йиго шагIир. Гьей жиндаго релълъарай йиго киналъульго -творчествоялъулъги, гIумруялъулъги. Дида лъала гьелъ, бетIерлъи гьабизе байбихьаралдаса «Дагъистаналъул чIужугIадан» журнал бачIана республикаялъул лъикIал асаразда гъорлъе, гьедин ккаралдаса нахъейин абуни унеб буго лъеберго-ялдасаги цIикIкIун сон. БетIерай редактор хIисабалда Фазуца коллектив гIуцIун буго пагьмуги гьунарги бугел ишалъулал гIадамаздасан. Гьеб киналъулго хIасилалда «Дагъистаналъул чIужугIадан» лъугьун буго руччабазул бокьулеб ва гIумруялъулъги рукIа-рахъиналъулъги кIвар бугел, унтарал суалал рорхулеб унго-унгояб гьудуллъунги, гьоболлъунги.

Творчествоялъул чиясе, нухмалъулесе цIакъ кIвар буго цIалдолезда, гьудул-гьалмагъзабазда вичIчIулевлъун, гьезие ритIухъавлъун, гьезие ракI рагьаравлъун вукIиналъул. Дида Фазу лъала гьединай ритIухъай гьудул хIисабалда. Амма гьелъул бищунго кIудияб гьудул буго поэзия. Диего гIадаб мурад буго гьелъиеги - поэзиялъе хадуй ккунги божарайлъун хутIи. Ва нилъ чIаго рукIаго хъвадаризе ва нахъеги хъвадаризе.

**Расул ХIАМЗАТОВ**



# «МагIарулай» – дир къисмат

Дун 1971 соналъ тIамуна «Дагъистаналъул чIужугIадан» журналалъул бетIерай редакторлъун. Гьеб заманаялъ журнал къватIибе биччалаан дагъистаналъул 6 миллаталъул мацIазда: магIарул, лезги, лак, дарги, табасаран, лъарагI.

Дида цее редакторлъун йикIана, хадуб Горкомалъул секретарьлъун тIамурай, ПатIимат МуртазгIалиева. Дир гIагарал – рос, эбел, вац данде чIун рукIана, дун гьение иналда. Щай дуе гьебилан. Дицагоги кIиго нухалъ инкар гьабун букIана. Лъабабилеб нухалъ идеологиялъул рахъалъ обкомалъул секретарьлъун вукIарав Ш.А. ИсмагIиловас дун битIахъе М.-С. ГIумахановасухъе ячана. Разилъе, Фазу, - йилан абуна гьес, - нижеца дуе лъикIал шартIалги чIезарила, кIвараб кумекги гьабила: редакциялъе цIияб мебель босила, водительгун машинагицин кьела. Амма дуца журнал тIадегIанаб даражаялде бахинабизе кколаха». Гьедин диде божилъи гьабураб мехалъ, инкар гьабизе дида кIвечIо. Сверухъ ругез щиб абуниги, дица гьеб хIалтIи тIаде босана…




…Дица нухмалъи гьабизе бугеб коллективалда бищунго гIолохъанай ятана дун. Гьеб гуребги, коллективалда гъорлъ рукIана кIиго цере рукIарал бетIерал редакторал. Гьелъги дир жавабчилъи дагьабги борхизабуна.

М.-С. ГIумахановас гьел редакторзаби батIияб хIалтIуде рачIиниланцин абулеб букIана, дун разилъичIо – бигьаял нухал ралагьун щай? Дица гьедин кидаго гьабулароан. Штаталда рукIана кIудияб хIалбихьи бугеб журналистал, цIар рагIарал, тIахьал къватIире риччарал хъвадарухъаби. ТIоцере гьел дихъги цо божилъигьечIого гIадин ралагьун рукIана. Коллективалда бугеб гIадатияб гуреб ахIвал-хIал бичIчIулеб букIана дидаги. Гьеб букIинчIо гъункун цадахъ, цоцалъ рекъон хIалтIулеб коллектив. Гьеб букIана жалго жидедаго чIарал творческиял чагIи. Цоцазда кIалъаларелги рукIана, нахъасан кIалъан цоцалъ разарулеллги рукIана. Сундулъго гIахьаллъичIого, жидерго творчествоялда тIад чIаралги рукIана. Редакциялда хIалуцараб ахIвал-хIал букIана…

Цоги нухалъ абуниги, дица бигьаял нухал кидаго ралагьулароан ва редакциялда бараб 38 соналъ дица цониги чи хIалтIудаса нахъе рехичIо, бокьараб коллекктивалда жаниб гIадин, чанги батIи-батIияб лъугьа-бахъин букIаниги.

ХIалтIизе лъугьун лъагIалидасан Литинститутaлдасаго букIараб лъай-хъвайги хIалтIизабун дун дандчIвана доб заманаялъул идеолог ЦК КПССалъул Политбюроялъул член Сусловгун ва бичIчIизабуна республикаялда гIемерал ругин гIурус мацIалъ гурони

кIалъаларел ва гIурус мацIал журнал нижее чара гьечIого хIажат бугилан. Баркала гьесие, гьеб дир гьари тIубаралъухъ. Гьелдаса нахъе журнал гIурус мацIалдаги къватIибе биччазе лъугьана.

- Дие бокьун букIана журналалъ руччабазе хIухьбахъиялъе ва рекIелгъеялъе цIали гуребги, гIумрудул батIи-батIиял ахIвалхIалазда кумек гьабизе, бищунго лъикIал мисалаздалъун тарбия кьезе. Маргьабиги, рокьул хIакъалъулъ берцинал харбал гуребги, гьениб нижеца кьолел рукIана кванил рецептал, рукъаризе малъа-хъваял… Дие бокьун букIана журналалъ руччабазе кинабго рахъалъ кумек гьабизе ва квер чIвазе.

ГьабсагIат гьелда божизе цIакъ захIмат буго, амма журналалъул тираж букIана I30 азарго. Печаталъул министр кIалъана дихъе, нужеца гьабулеб щиб, нижер кагъат гIолеб гьечIо нужер журнал бахъизейилан.

Гьеб батIияб заман букIана. Киналго республикаялъул газетжурналазе обкомалъ ва парткомаз кумек гьабулаан. Гьелда тIадеги, журнал бокьулаан ва руччабаз гьеб хъвалаан. Бокьарай росдал чIужугIаданалда батулаан журналалда гьелъул суалалъе жавабги, рукъ кин къачIалебалиги, лъималазе тарбия кин кьелебалиги, гIумруялдаса лъугьа-бахъиналги, жидер гIелбащадазул гIумру ва карьераги, ва аслияб жо – гьелъул гьеб жиндир рахьдал мацIалда цIализе ресги букIана…

Гьел рукIана дир гIумруялъул бищун талихIал, бищун кIвар бугел, бищун пайдаял сонал. Цо интервью кьолеб мехалъ дица абуна, журналалда хIалтIулеб заман дир биографиялъул гIадатияб бутIа гурин, гьеб дир къисмат бугин. ЗахIматаб, амма талихIаб къисмат».








# Фазуе рагӀи

* * *

Цойги цӀакъ бокьилаан
Мун йокьулей кӀодое,
КӀалъалей рагӀизе мун
МагӀарул мацӀги бицун.
Бищун цебе гьеб мацӀалъ
Дуца рагӀи абизе,
Азарго мацӀ лъаниги
Гьеб нахъе цунгутӀизе.
МагӀарул гормендо, шал
Дуца ботӀрода чӀвазе,
Дозда гъоркьан берцинго
Гъалалги дур рихьизе.
Гъалай биччан гвангъараб
Чергесаб гӀеретӀ босун,
МагӀарул иццухъа лъим
Дуца рокъой бачӀине.
Бихьинчи вачӀаравго
КӀанцӀун тӀадеги яхъун,
Босун досда гъоркь бакӀ лъун,
Дуца хӀурмат гьабизе.
ГьитӀинай – яцилан тун,
КӀудияй – эбелан тун,
Адабалда гӀумруялъ
ГӀадамалъ мун йикӀине.
Дур кӀодол кигӀан гӀемер
ГӀайибал ратаниги,
МагӀарул яхӀги махӀги
Даим цадахъ букӀана.
Нусго батӀияб улка
Сверун тӀад юссаниги,
ТӀад михир бачун къараб
Рукъалъул тӀох кӀоченчӀо.
Йижараб ракьалдехун
Рокьи гӀадаб хирияб
Хазинаги батичӀо
Гьаб дунялалда дида.
МагӀарул хъахӀаб щалги
ХъахӀчараб гормендоги
Дида цадахъ букӀана
Цогидал улкабазда.
Цогидазда лъабгогӀан
Лъала магӀарул мацӀги,
МагӀарул гӀадаталги,
Гьезул рукӀа-рахъинги.
Гьеб бокьиялъ бокьана
Дие тӀолабго улка,
Улкаялда киналго
Миллатал буцӀцӀараб халкъ.
Дульги гьеб гъварилъизе,
Гъункизе бокьилаан,
Кинаб къо бачӀаниги
Къуркьулареб хӀалалда.

# Фазу-баба –



Гьей йикӀинчӀо нилъеда бичӀчӀулеб магӀнаялда кӀодоэбел. КӀодоэбелиланги нижеца киданиги гьелда абулароан. Нижее гьей йикӀана Фазу-баба. Фазу-баба – кидагосеб байрам…

РакӀалда буго байбихьул классазда дирго гьаюраб къо. Гьеб къоялъ эбел-эменги рукӀинчӀо шагьаралда. Циндаго яккун ячӀана классалде Фазу-баба, хъахӀал къункърабиги тӀаб бугеб тортги кодоб ккун. Дир рохалие гӀорхъи букӀинчӀо. ХӀалтӀулъ къан йикӀуней гьелда дун йохизайизе заман батана…



# кидагосеб байрам

Дун кIудияй гIунагIан гIемерлъулеб букIана нижер цоцазде цIайиги бицунеб хабарги. Нижеца модаялъул бицунаан, стилазул бицунаан, босизе бокьараб дандбалаан. Гьелъие бокьулаан модаялда бугеб ретIел-кун, кIилкIал, баргъичал, курхьаби… Гьеб рокьи ирсалъе диеги щун буго.

Цо нухалъ Фазу-бабаца дие сайгъат гьабуна кIудияб кулон. Месед-гIарцул устарасухъеги ун, бакьулъаги къотIун, дица гьелъул гьаруна берцинал кIилкIал. Фазуе цIакъ рекIее гIуна, мун жиндасаги цее анин гьеб рахъалъанилан абуна. Гьелдаса кIудияб рецц-бакъ диеги щибха букIинеб?

ГIажаибаб рокьи букIана Фазу-бабал дир лъималаздехунги. Киданиги гьел гьарурал къоялги гьелда кIочонароан. КигIан заман гьечIого йигониги, баркизе ячIинчIого чIоларoан. Рокъоса къватIие яхъине кIолареб заманаялъ, гьелъ лъимал жиндихъего ахIулаан ва, малъа-хъваялги гьарун, ракIалдаса унареб сайгъат кьолаан. Гьединал лахIзатал лъималазда киданиги кIочонаро.

Дир лъималаздаги Фазу-баба жидерго кIодоэбелилан кколаан. Щивха божилев гьей берцинай, чIурканай, лъималазул гIадал релъулел беразул гIадан гьезул эбелалъул кIодоэбел йигилан абураб жоялда. Гьеб беразул кунчIи гьелъул гIумрудул ахиралде щвезегIанги букIана. Унтун йигеб мехалъги, гьелъие бищун рокьулел хъвадарухъабазул асаразул бицунаго, гьей чIаголъун ячIунаан.

Нижеца цадахъ цIалулаан гIурус адабияталъулги асарал ва гьелда тIасан бахIсалги рукIунаан. Дир пикру кидаго гIадин цогидазулалде данде кколареб букIунаан. ЦIакъго йохулаан дун Фазу-бабацаги дир рахъ ккураб мехалъ. Гьединан бижизабуна нижелъ адабияталде рокьи. ЦIалараб гIоларо, цIаларалъул магIанги гьабизе кколаян абулаан гьелъ.


ХIаписатил вас ГIалигун

Инсул цIар лъурав дир вас ГIалиде гьелъул батIияб рокьи букIана. ЧIезего кIоларев гьес щиб гъалмагъар гьабуниги, Фазу-баба рокьул цIурал beралгун ялагьулаан гьесухъ, «унго-унгояв интеллигент вугоха дир вас», - илан йикIунаан. Амма гьесда цогидаздасаги гIемер тIалабги гьабулаан. Цо нухалъ ГIалие гьелъ сайгъат гьаруна Пушкинилги Есенинилги кучIдузул тIахьал, рекIехъе лъазаризе кколел кучIдулги рихьизарун, кидал гьикъизе ругелали къоги цIан. Экзаменалдаса хадуй жийго цIакъ йохун йикIана гьесухъа бажаранилан ва тIад жиндирго автографги лъун ГIалие сайгъат гьабуна Тютчевасул кучIдузул тIехь. Гьеб букIана цIакъ къиматаб сайгъат.

Дие цIакъ гIоларого йиго Фазу-баба. Гьей ятIалъаралдаса цебеялдасаги гIемер цIализе лъугьана дица гьелъул кучIдул, гьенир дирго суалазе жавабал ратизе ва гьелъул хинлъи чIвазе.

Нилъер умумул, доб дунялалде индал, нилъер мугъзада нахъа куркьбаллъун рукIунин аби буго. Дун чIухIула дир гьединал къуватал, къадруял, берцинал куркьбал рукIиналдаса. Гьел куркьбаздаса чIухIизе бегьула гьелъул кучIдузулъ жиндир суалазе жавабал ратулев, гьездаса гIакълу босизе лъалев щибав Фазул кучIдул цIалулевги.

Фазу ХIамзатовналъул 90 сон тIубаялда хурхун республикаялдаги къватIибехунги рикIкIентун гIемерал тадбирал тIоритIулел руго, гьелъул кучIдул цIалулел руго магIарулалъги гIурусалъги.

Абуларищха, чи чIаго вугила гьев ракIалда вугебгIан мехалъилан…

**ХIаписат КИЧИЕВА**


Васалгун ва ГIалил яс ХIаписатгун

# Фазуе рагIи

*Дунялалъул кинаб рахъалде сапар бухьаниги, киналго нухал Москаялдасан рукIаралъул, гьенив цIалулев ГIали дида гIемер вихьулаан. БитIараб бицани, гьесул институталъул хIакъалъулъ дида лъалеб жого букIинчIо. Кинаб суал кьуниги, гьесги «кинабго лъикI буго, баба», - йилан гуреб жаваб гьабулароан. Цо нухалъ дихъе гостиницаялде вачIарав гьев вугоан, хIатIал рухIараб гIанкIу гIадин, цо бакIалда чIезе кIоларого, тирщун тIадеги вахъун цо бокIнидаса цоги бокIниде хьвадилев.*

*- ГIали ккараб жо бугищ? – илан сабруго гьабизе кIвечIо дида.*

*- ГьечIо. Лъаларо, кин дуда абилебали... Дур цIакъ ракIбакъвалин хIинкъун вуго...*

*- Бицея, ГIали. Гурони, духъ ялагьунги дир ракI къватIибе кIанцIизехъин бугин!*

*- Дун Афганистаналде унев вуго.*

*- Дуца бицунеб щиб, ГIали! – йилан гьаракь кIанцIана дир.*

*- Гьеб буго дица цебего гьабураб хIукму. ЦохIо дуда кин абилебали лъаларого вукIана. Гьаниб Москваялда цIалиги фарси, дари мацIал лъазариги гьелъие хIадурлъи букIана... Эбел, гьарула дуда, цебе гали лъоге, дун дова вукIине ккола!*

*- Дида ракIалдего ккечIо дур ишазде гъорлъе лъугьине, - йилан абуна дица кIванагIан сабуралда, - нужер, чекистазул ишазулъе, бокьаниги, лъугьунги бажаруларо. Амма дуца дун цIадулъе жание егьанаха. Гьениса мун тIад вуссинегIан дун йикIине йиго юхIулей-ежулей, - иланги абун дида магIу ккевезе кIвечIо.*

*КватIичIого дида лъана ГIали, Пакистаналъул гIорхъода бугеб, Джалалабадалде витIун вукIин. Кагътазда, дун гIодое йиччазайизе, кинабго лъикI бугилан бачIунаан. Цо нухалъ Москваялдасан кIалъан рачIана, Афганистаналда ругел нилъер рагъухъабазда цере рахъине унел хъвадарухъабазул делегациялда гъорлъ дир цIар хъвазе изну гьарун. Дун кутакалда разилъана. Амма лъиданиги цIар бахъичIо дова дир васги вугилан.*

*Программа букIана цIакъ хIалуцараб, рогьаралдаса рукIкIинегIан рукIана церерахъинал, кIалъаял. Бищунго рекIее асар гьабулеблъун букIана нилъер дагъистаналдаса солдаталгун дандчIвай. Ниж рукIана нохъаздаги, гIалхаздаги, больницабаздаги. «Нужеца цадахъ ВатIаналъул кесек бачIана, дуца къвал барабго эбелалда аскIоре щванилан ккана», - йилан, нилъер дагъистаналдаса васал рукIана бищунго рохун. Ахиралдаги бицана дица дир васги вугин гьанивилан.*

*Кьвагьдохъабазул армиялъул генералас гьесул цIарги адресги ана хъван ва радал вас дида аскIове щвана. Цо сордо-къо дида аскIобги бан, гьев тIадвуссине ккана жиндирго хIалтIулеб бакIалде.*

*Гьениса юссиндал дун телевидениялде ахIана ва дица Афганистаналда рагъул хъулухъ тIубазабулел ругел нилъер ракьцоязул хIакъалъулъ бицана. Передача бахъун моцI араб мехалъги гьеб къватIибе бачIинчIелъул, дица гьикъана гIилла. Ростовалда бугеб Аслияб рагъулаб прокуратураялъ хал-шал гьабизе араб жеги бачIинчIилан абуна. Гьеб дие цIакъ захIмалъун букIана, амма Аллагьасда гуреб кIолароан чияр хIукуматалда ругел нилъер васазул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ кечI хъвазе дие гьукъизе.*

# Ракълил микки



Дагъистаналъул рекъел цIуниялъул комитеталъул председательлъун Фазу ГIалиева йищана 1971 соналъ. Гьеб букIана Советияб ракълил фондалъул отделение ва гьелъие нухмалъи гьелъ гьабуна къоло щугогIан соналъ. Гьеб гуребги, Фазу йикIана Дунялалъулго ракълил советалъул членги.

Гьел Советазул делегациялгун Фазу лъабго нухалъ щвана Америкаялде, Китаялде, Бельгиялде, Голландиялде, Щвейцариялде, Вьетнамалде, кIиго нухалъ Англиялде, Францаялде, Австралиялде, Бразилиялде, Аргентинаялде, Малайзиялде, Сингапуралде, Индиялде.

Оборонаялъул Министерствоялъул гьариялда рекъон гьей щвана Германиялде, Чехословакиялде, Польшаялде, Венгриялде, Монголиялде. Фазу



кIалъазе яхъана гIемерисел рагъулал частазда ва училищабазда, кIицIул Кантимировскиясул девизиялда, кIицIул Таманскиясул.

РикIкIен тун гIемерал митингазда Фазу ГIалиева йикIана ВатIаналъул къадруяй вакиллъун. Гьелъул гIумруялъул нухалъ бицунеб буго нилъеда Совет хIукуматалда, гIурус культураялда цадахъ, киналниги халкъазул культураги цебетIезе гьабулеб букIараблъи.

«БитIараб буго. Дунялалда дун щвечIеб бакI батиларо, Африка гуреб. ДандчIвана гIемерал дунялалдаго цIаррагIарал гIадамалгун, щвана Америкаялъул ХъахIаб рокъое, цогидалги кIудиял тахшагьаразул мэразухъе. Киназго дун къабул гьаюлаан гIажаибай ва къадруяй гьобол хIисабалда. Гьел хIикмалъулаан гьитIинаб росулъа магIарулалъухъ гIенеккун бугеб гIалам бихьидал ва гьелъ кьолел чIванкъотIарал жавабал рагIараб мехалъ», - илан бицунаан Фазу ХIамзатовналъ.



ТIоцебесеб къватIисеб хIукуматалде сапар букIана Польшаялде, Россиялъул культураялъул къоязде, I967 соналъ…

РухIияб рахъалъ дун бищунго бечелъана Бразилиялде, Австралиялде, Аргентинаялде араб мехалъ. ТIубанго батIияб дунял, батIиял гIадамал ва, гьебго заманалда, гIажаибго рекIее гIагаралги. КIудияб асар гьабуна Китаялъ: культура, искусство, архитектура. НекIсияб тIагIел-гIучIалде гьезул бугеб бербалагьи бихьизе ккола. Кинабго буго ясбер гIадин цIунун. Гьезул бугеб гIадлуяб ва хIалтIизе бокьулеб халкъ. Жакъа дида гьикъани I00 пачалихалда гьоркьоса кибе сапар бухьине бокьилебан – дица Китай бищила, I0-ялда гьоркьосаги Китай бищила, цо хIукумат бищеян абуниги Китай бищила…»

«Доб мехалъ дие кьуна Совет хIукуматалъул ракълил фондалъул меседил медалги, ТIолгодунялалъул ракълил советалъул юбилеялъулаб меседил медалги. Дун гьездаса чIухIула. Гьеб мехалъ рагIана дун дунялалдаго ва дир асаралги гIемерал мацIазде руссинаризе байбихьана».

Рекъел цIуниялъул мурадалда тIоритIулел Дунялалъулго форумазул гIахьалчIужулъунги йикIана Фазу ГIалиева. Гьелъ жиндирго жигарчилъиялъул хIакъалъулъ гьадин абулаан:

«Щибав чиясул буго, жиндица гьелъие гIоло гIумру бичулеб, борч. Гьеле гьединаб борч буго дир рекъел цIуниялъе, ВатIан цIуниялъе гьабулеб хIалтIи».

Бищунго хIалуцараб заманаялъ, лъихъго гIенеккичIого, ракълил миккилъун йоржана Фазу Афганистаналде. I6 къо бана гьелъ гьениб, цо часталдаса цоги частналде ун, рагъухъабигун дандчIваязда. «Гостиницаялда йикIине гуро дун гьание щвезегIан ячIун йигей, - илан абуна Фазуца гьей цIунизе тарал чагIазда. - Дун ячIун йиго нилъерго васазухъе». Хинаб эбелалъул рагIудалъун, кватIичIого рагъ лъугIиялде бугеб хьулалдалъун сахлъизарулел рукIана Фазуца лъукъарал рагъухъабазул ракIал.

## ЦIумур гIадай гIадан

*Гьеб ккана 1987 соналъ Ленинградалда. Къаси кватIараб мехалъ «Пулковская» гостиницаялде тIад-руссарал дунги чIужуги рилъана этажалда букIараб кафеялде кванaзе. Дица кIиго бокал чагъиралъул босана ва рачIа Фазул хIурматалда гьекъезейилан абуна. Гьеб букIана гьей гьаюраб къо. Мадугьалихъ столалда нахъа кIиго гIолохъанчи кIвар кьун балагьун чIана ва гьезул цояс тIаса лъугьайиланги гьарун абуна, Фазу ГIалиевалъул цIарцин гурищ нужеца бахъарабилан. Уйин дица абидал, гьес бицана: Фазу ГIалиева ячIун йикIанила Афгъанистаналда букIараб жинца хъулухъ гьабулеб подразделениялде. Цинги офицерзаби дандельанила столоваялде, ВатIаналдаса ячIарай гIаданалъухъ ва тIадежоялъеги шагIиралъухъ, жидер гьудулзабазул цоясул эбелалъухъ гIенеккизе.*

*- Дун гьеб параялъ тIадвуссун вукIана рагъулаб тIадакъайги тIубазабун ва кутакалда сваканги вукIана, гьединлъидал кьижизе вегизе хIадурлъулев вукIана. Амма ГIалил эбел гьей йикIин лъараб мехалъ, хехго ретIелги ретIун, чадиралдаса къватIиве лъугьана. Дица къватIибехун хIетIе чIарабго, кисаналиго боржун бачIараб гулла речIана битIахъе дир кроваталда. Гьеле гьедин Фазу ГIалиевалъ хвасар гьабуна дир гIумру...*

Сулейман ХАППАЛАЕВ





# Шапакъатал

Орден Святого апостола Андрея Первозванного (2002) – пачалихъияб литература цебетIеялъулъ лъураб кIудияб бутIаялъухъ

Орден «За заслуги перед Отечеством» 3 степени (20I5) – пачалихъияб культура, искусство журналистика цебетIезабиялъулъ гIемерсонилаб пайдаяб хIалтIухъ

Орден «За заслуги перед Отечеством» 4 степени (I998) – культура цебетIезабиялъулъ лъураб кIудияб бутIаялъухъ, гIемерсонилаб пайдаяб хIалтIухъ

Орден Дружбы народов (I983) – советияб литература цебетIезабиялъе гьабураб хIалтIухъ

Орден Дружбы народов (I994) – жамгIияб хIаракатчилъиялъухъ ва миллияб литература цебетIезабиялъе гьабураб хIалтIухъ

Орден «Знак почета» (I960, I97I)

Советияб ракълил фондалъул Меседил медаль

Советияб рекъел цIуниялъул комитеталъул «Борцу за мир» медаль

ТIолгодунялалъул рекъел цIуниялъул советалъул юбилеялъулаб медаль

Дагъистан АССРалъул Халкъияй шагIир (I969)

«Даимаб цIа» кучIдузул тIехьалъухъ литератураялъул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул Пачалихъияб премия (2007)

Орден «За заслуги перед Республикой Дагестан» № I (2009)

Россиялъул журналистазул Союзалъул Премия «Золотое перо России» (2004)

# Абадиялъ ракIалда хутIизе



МахIачхъалаялда Гьудуллъиялъул ахикь Фазу ГIалиевалъе гIарас (рагьана 20I7 соналъул II декабралъ)



Фазу ГIалиевалъул асарал 70 ялдасаги халкъазул мацIазде руссинарун руго. Гьелъул цIаралда Дагъистаналда школал, библиотекаби, паркал руго




«Кавалеры ордена Святого апостола Андрея Первозванного» сериялда жаниб, 20I7 соналъул 29 августалъ къватIибе биччана Фазу ГIалиевалъул сурат тIад бахъараб почалъул марка



# Фазуе рагIи

*Руччабигун хIалтIизе дица журналалде ячIараб къоялдаса нахъе байбихьаниги, Дагъистаналъул руччабазул союзалъул председательлъун дун йищана 1994 соналъ. БетIерай редактор хIисабалда, дица бищунго кIудияб кIвар кьола цIалдолезул кагътазде ва гIарзазде. Коллективалдаги гьарула ракIунтун гьабейин гIадамазулгун хIалтIийилан. Кагътида хъван гуреб, жидерго унтул, ургъалил бицине рачIунел чагIиги рукIунелъул.*

*...ГIемерал рукIуна «РакI чучизе, кинабго дуда бицине, дур пикруялъухъ гIенеккизе бокьун букIана», - ян рачIунел руччаби. Цинги байбихьула гьаюраб къоялдаса байбихьун, халатаб хабар ва, квеш букIинаредухъ, дица аслияб ракIунтараб суалалде рачуна...*

*Гьединал ракIрагьарал харбазухъги гIенеккун, дун щибаб къойил гьезда цадахъ ццин бахъун, ракIбакъван лъугьуна, хIалтIул къо лъугIилалде къанцIураб лимон гIадинги йикIуна.*

*Дица гIажаиблъи гьабула нилъер руччабазул гIадатлъиялда, гIумрудул хIалбихьи, сихIирлъи гьечIолъиялда. Малъула хъизаналда росасулгун, гIагарлъиялъулгун гьоркьоблъаби гIуцIизе, цоцазда ричIчIизе хIаракат бахъизе кколилан.*

*Бищунго гьединаб бакIалда къваригIунеб, сабру лъугIун буго руччабазул тIубанго. ЦIакъ гIемерал лъикIал рахъалги руго.*




# Дагъистаналъул гIаламат!

Фазул юбилей... ЗахIмат буго божизе нилъ гьелъул 90 сон тIубай гьабулел рукIиналда. Гьелъул сипат цин рикIкIалъун, цин гIагарлъун, батIи-батIиял кьераз кенчIолеб буго нилъее. Гьеб буго классиказул хасият. Нилъедаги бичIчIулеб, нилъедаса хадур, нусго соналдасан цIалараздаги бичIчIулеб творчествоялъ рекIее асар гьабичIого хутIуларо...

ГIадада гурелъулха Фазу ГIалиева Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул председательлъун тарай. Гьеб бигьаяб гуреб хIалтIуца гIемераб заман бахъулаан гьелъул. Амма гьей зигардулароан, кIвахI лъачIого гIенеккулаан киналдаго божилъи хварал, хьул тIагIарал, руччабазухъ.

Руччабазул суалал ва гьел ричIчIи бигьаяб иш гуро. Жалго руччабазда гIадин гьел лъиданиги ричIчIуларо. Фазуца, жиндирго гIадин, къабул гьабулаан щибалъул унти ва кIвараб хIаракат бахъулаан магIарулалъул ихтиярал цIунизе.

Дица гIемераб пикру гьабула, жакъа Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул хIалтIул хIакъалъулъ щиб пикрудай Фазул букIинаян. Диеги гьелъул кIудияб кумек буго. Лъалелъулха лъидаса мисал босун хIалтIизе ккОлелали.

РакIалде щола 99 сон. Бандиталги тIаде кIанцIун, халкъияб ополчениялъул отрядал гIуцIцIизе ккун рукIана нилъеца. Террористалгун рагъда рукIарал росабалъин абуни, бихьиназда цадахъ кьерда рукIана руччабиги. Гьез дугIа-алхIамги цIалун тIоритIулел рукIана нилъер васал рагъде, жалгоги рукIана бищун хIинкъи бугел бакIазда.




*Нилъер умумуз рикIкIунаан руччаби, бихьиназул ихтиyаралда гъоркь, гьез цIунун рукIине колилан. Гьелъ чIужугIаданалъулги къадру борхулаан, кинаб букIаниги хIинкъи гьечIольиялда ракIчIейги букIунаан. ТалихIал лъимал гьаризе ккани эбелалъе къваригIунеб талихIги парахалъиги букIунаан гьединаб хъизаналда.*

*Гьанже, хасго жидеего лъикIаб харж щолел руччаби, хъизаналда жидерго рагIи билълъинабизе лъугьунел руго, бихьиназ гьабуралда рекъолел гьечIо. Гьеле гьеб мехалъ дица, гIемераб хабарги бицун, гьезул бетIералъул иш рукIалиде ккезабизе ккола. Гьеб хIалтIул хIасилалдаса дун гIемерисеб мехалъ разияйлъунги хутIула.*

*РукIуна «Дир рукъ гьечIо, гIемерал лъимал руго, росги хIалтIулев гьечIо, кие иней, щиб гьабилебали лъаларо», - ян рачIунел руччаби. ГIемерисел гьел гIарзал рукIуна. Инвалидал, ветераналги рукIуна гIарзалгун рачIунел. Лъимал ясли-ахалда лъезе, рукъалъе кредит босизе кумекилан рачIунелги рукIуна. ТIубараб коллективалъулги рукIуна гIарзаби.*

*Гьеб буго, гIемераб къоги бихьулеб, щибаб къойил тIад чIун гьабизе кколеб хIалтIи. Щибав чияс жиндир бакIалда жиндирго хIалтIи букIине кколеб къагIидаялъ гьабунгутIиялъ, гIор гIадин чваххула нижехъе гIарзаби…*

*Нижеца кIвараб кумек гьабула кисаниги кумек щвезе рес гьечIел руччабазе – пенсиялда ругезе, янгъизазе, бесдалазе, инвалидазе. Гьеб хIалтIул дида жеги сагIтаца бицине кIола…*

Гьеб заманаялъ дунги, Фазу ГIалиеваги, ТIагьибат МахIмудоваги, ХIури Пирсаидоваги роржана бищунго хIалуцарал ва хIинкъи бугел бакIазде. Амма нижее бищунго кIвар бугеблъун букIана гьенир ругел нилъер Россиялъул солдатазда, гьеб гьитIинаб тункагIусилъун гуреб, кIудияб, вахIшияб рагълъун бугел гIолохъабазда, рокъобе рагъ бачIарал руччабазда кверчIвазе, берцинаб рагIудалъун кумек гьабизе…

Дие гьеб букIана, хIалтIизеги лъалел рагIиги билълъарал руччаби гьединаб ахIвал-хIалалда кин хIалтIизе кколелали бихьизабулеб школа. ХIинкъикъай гьечIел гьединал руччабазул къимат гьабула, халкъалда гьоркьоб къадруги борхатаб буго.

АбичIого гIоларо, Фазуца жиндирго кинабниги жамгIияб хIалтIи киналго районазул женсоветалгун цадахъ гьабулаан. Гьанжеги гьединго буго…

Дие захIмат буго Фазу ХIамзатовналъ руччабазул рахъ ккун гьабураб хIалтIуе къимат кьезе, гьеб букIана рагIа-ракьан гьечIеб. Гьелда республикаялъул руччаби жиндирго идеябазда хадур цIазе, бокьараб росу, райцентр республикаялъул культурияб ва экономикияб центрлъун лъугьинабизе гуребги, гIажаибаб жанисеб къуваталдалъун жинда сверун гIумру берцин гьабизе, гьелда жаниб кIудияб магIна лъезеги кIолаан.

Берцинал рагIаби абулейин дун йигейилан ракIалдеги ккоге, амма Фазу ГIалиева гIадинал руччабазухъ букIарабани гьаб дуниял, гьаниб баракат, парахалъи, хIалхьи, метерисеб къоялда божилъи, гьарзалъи, гьудуллъи букIинаан.

**Интизар МАМУТАЕВА,**
**Дагъистаналъул руччабазул**
**Союзалъул председатель**



# Эбелалъул хъахIаб шал

*(поэмаялъул кесек)*

ГIазу гIадинаб хъахIаб,
Нахъа терек угьараб,
Расен гьабун ясаца,
Халатаб симис бараб,
Шал, кодобеги босун,
ХьвагIун ботIрода чIвана.
Лага тIуркIараб гIадин,
Дун йорхалъун ячIана.
МагIарул шал – ясазул
Лугбузда тIад кьурдулеб,
МагIарул шал – васазда
Сири базе гьабулеб.
МагIарул шал – ясазул
Балъголъаби цIунараб,
Чиллайдул симсазда гъорлъ
Рессун чиллайдул гъалал.
МагIарул шал – ясазул
Гьурмаде рагIад хьвараб,
Рикьун арал кьунсрузул
Ракьанлъабазда хъвараб.
Гьезда гъоркьан раккарал,
Беразулъ бугеб рокьи,
БацIцIадабги, гучабги,
Балъгоябги букIуна.
МагIарул шал – хъахIаб шал,
Гьеб рохалил гIаламат,
Бертин гьабулеб кьоялъ,
Гьел къватIире рахъула.
МагIарул шал – хъахIаб шал,
Ракьда хъваларел хIатIал,
Миккидал куркьбал гIадин,
Гьелъул гIинщал роржуна.
Кьварарал мугIрул васал,
Гьелъ риине гьарула,
Гьезул берал цIвабилъун,
Гьелъ кенчIезе тIамула.
Цин восун магIарда лъун,
Гьесие къуват кьола,
Цин восун тIинде рехун,
Зигардизе тIамула.
МагIарул шал – хъахIаб шал,
БахIаралъул гьурмада,
Цебе пардав гIадинан,
Парпадилеб буго гьеб.
МагIарул шал – хъахIаб шал,
БахIарав гьебги борхун,
Дунялалъул балъголъи,
Рагъулев гIадин вуго.

Эбелалъ дие кьураб,
Дица жеги цIунараб.
Дирги буго хъахIаб шал,
Щулияб къисмат бугеб.
Кверала гарцIалги рухьун
БацIцIадаб чиллаялъул,
Чалу гIадаб дурусаб,
Симис буго сверухъе.
Мугъзаде кколеб рахъалъ
ТIад угьун руго тIугьдул.
ТIасан жеги чи инчIеб
ЧIагояб гIазда гIадин.
Гьелда квер хъванщинахъе
Эбелалъул махI чIвала,
ЧIагоял рагIабазул,
МагIнаялъулъ гьунареб.
Гьеб махIалъ черх паналъун,
Гьурщула араб заман,
Ургьиб хIебтIулаpедухъ,
ХIалакун кьабгIола ракI.
Эбел хвedал кьолболъа,
Кьурун бахъун тIун араб,
ТIогьоца тараб ругъун,
Рагьун, цIилъун бачIуна.
Дун гьитIинаб мехалда
Харбазулъ рагIулаан,
Хасаб махI кьун бугилан
Аллагьас эбелалъе.
Щияй эбелалъул гьеб
Жиде-жидер букIунин,
КIигоязулъ рельлъараб
Лъидаго батуларин.
ХIалбихьи гьабун бугин,
ХIалкIояв гIалимчияс,
ГIодулеб лъимер бачун,
Улбузда кодобги лъун.
МоцI бачIеб лъимер анцIго,
Эбелалъухъе кьедал,
Гьесул гIодулеб гьаракь
ГIодобе буссун гьечIо.
АнцIила цоабилей
Эбелалъухъе щвeдал,
Дов, керенги балагьун,
Хахдезе лъугьун вуго.
Жийго гьаюрай эбел,
Гьелдасан бачIунеб махI,
Гьавураб кьоялдаса
Лъалеб буго лъимада…
* * *
Дирги буго хъахIаб шал,
Эбелалъ дие кьураб,
Эбелалъул махI сунтIун,
Дир би гьалдезабулеб:
Гьеб махIалъулъ тIубараб,
ТIолабго дунял буго.
Бакъ къалъун щвараб зобги
Зодихъ чIегIернакIкIалги,
Гьелъул симсазда гьоркьоб
СукI-сукIун лъураб гIумру,
ГIор щвараб гьалаглъигун
Пикрабалъе чвахула.
ТIокIкIен гIемераб гьечIо,
ГIурул карачалабалъ,
ГIумру дир эбелалъул,
Бигъараб гIомо буго.
Бесдаллъун эмен лъачIел,
Мискинлъидалъ тIерхьараб,
Инкъилаб тIаде бачIун,
Росу биххун тIурарай.
Ханзабазул тухумин,
Тухумалъул бихьинал,
Туснахъаздеги ритIун,
ТIадруссун рокъор щвечIел.
Жеги лъимадул гIужда,
РагIана эбелалда,
ГIадамаца ахIулеб,
Халкъалъул тушманилан.
Данде кколел, нух хисун,
Цояб рахъалде унел,
ЙорчIами кьезе хIинкъун,
ЙихьичIеб хвел гьабулел…
ГIемерал инжитлъаби,
Лъимадаго къулчIана,
Кьояца сардал хисун,
Хеккого заман ана.
Эбел гьаризе ине
Росдал васал хIинкъана,
Халкъалъул тушман ячун,
Къисмат бигъинабичIо.
Росулъ бищун мискинав,
Дир вукIинесев инсул,
Бидулъ биараб чаран,
Чвалхана рокьул цIаялъ.
Кинаб къисмат кьуниги,
Сибиралде кканиги,
Ккараб дирго рокьуе,
МутIигIлъилилан чIана…
Дун гьезул рокьиялъул
Бокьун щварай тIегь йиго,
Эбел, яц гьечIей инсуй,
НигIматлъун кьурай йиго.
Инсул чIагояб гьумер
ЧIоларо дида цебе.
Бицуна гIадамаца
Дун досда рельлъунилан,
ЛахIгIан чIегIераб расги,
БецIсурмиял beралги,
Дуниял хиралъиги,
ХутIун бугин дилъ цIунун.
Дида ракIалда буго,
КIиго берталъ бихьараб,
Дир эбелги эменги,
Аваданго кьурдулел.
Дун цее-цеегIан къан,
Гьезие хъат кьабулей,
Кьурдизе жеги гIечIей,
ГIезе гьира гьалдолей.
Берцинлъидал нур гвангъун,
Гьорлъ тIерхьарай дир эбел,
Боржун унеб хIанкъвалъун,
ХIасраталда йикIана.
ГIазу гIадинаб хъахIаб,
Нахъа терек угьараб,
Инсуца босараб шал,
БукIана тIад парпалеб.
Гьелъул гIинщал гьороца,
Кодо-кодорги росун,
Куркьбазде сверулаан,
Свери бахъулеб мехалъ.
Их рещалъун, цIад байдал,
ТIубан рагьарал гIадин,
ТIугьдулги щапулаан,
Шалида тIад угьарал.
Дида талихI абураб
РагIиги лъаларoан,
Гьелъул магIна бичIчIизе
ГIун йикIинчIо жеги дун.
Амма рохел букIана,
Ихдалил лъарал гIадин,
Дилъ гьалаглъун кьабгIолеб,
Кьурдулезухъ ялагьун.



**Художник М. Абдуллаев**





# Фазу ГІалиева
# Анатолий Шарыповасул суратазда



Анатолий Нестерович Шарыпов ккола Дагъистаналъул машгьурав график. «МагІарулай» журналалда гьев хІалтІана анцІила щугоялдасаги цІикІкІун соназ, гьес журнал берцин гьабулаан хІикматал ва магІнаял суратаздалъун. Фазул сурат бахъизе, кидагІаги ракІалда букІинчІилан абула гьес. Щайгурелъул Анатолий ккола сюжетазулаб графикаялде ругьунлъарав ва гьеб рахъалда гурони хІалтІуларев художник. «Гьей йиго кІудияй поэт, ятІа яхъизе лъалей, гьайбатай чІужугІадан, гьелъул жиндиего хасиятаб буго ретІунебги, балебги. Кин гьеб кинабго цадахъ рекъезабилеб? Гьеб дир жанр гуро»- ян абулаан художникас.

Амма Фазул 60 соналъулаб юбилеялдехун нижеца гьеса гьарана журналалъе гьелъул харбазда ва кучІдузда рекъарал суратал рахъизе хІалбихьеян. Доб мехалда художникасги тІоцебесеб нухалда кІвар кьуна поэтессаялъул чІагояб сураталде.

Анатолий Нестеровичасухъа, дида бичІчІухъе, бажарана гьел суратазулъ бихьизабизе поэтессаялъул хІеренлъиги, бицинчІого бичІчІулеб хаслъиги. Гьесул Фазу кидаго гІащикъайлъун, тІадегІанайлъун йикІана, гьелъул суратги гьес гьабула тІадагьаб, пархолеб, рухІ лъураб гІадинаб. БухІараб балагьи, цІудул гІадин ккураб бетІер, борхатаб катІари, тІадчІвараб тІадагьаб гормендо ва черхалъул чІурканлъи жиндилъ бихьулеб партал.

Гьел суратазе къимат махщалилаб рахъалдаса кьолеб гьечІо дица. Дица кІвар кьуна киндай цо художникасда цогидав вихьулев абураб пикруялде. Шарыповасда йихьулей йиго ЧІужугІадан, гьелъул балъголъигун ракІгун ва кидаго боржанхъулеб шавкъгун.



Художник А. Шарыпов

# Фазул хIакъалъулъ рагIи

*Фазу ГIалиева йиго Дагъистаналъул лирикаялъул цIум. Гьелъул роржен борхатаб букIиналда дун божула.*

Николай ТИХОНОВ, шагIир

*Фазу ГIалиевалъул кучIдузулъ буго гъваридаб философияги гвангъарал сипаталги. Гьеб мугIурзул гIодобе биччараб гьури кватIичIого къуватаб бураналде сверизе буго.*

Михаил СВЕТЛОВ, шагIир

*Фазу ГIалиевалъул кучIдузул таржама гьабулаго, гьелъул рагьараб рекIеда хъвалеб хIисаб букIуна дир. Гьелъул кучIдузулъ бугеб ракI рагьиялъ ва ракI бацIцIалъиялъ лахIзаталъ рухI лъола дидаги. Гьанжезаманалъул къанагIатал шагIирзабазухъа бажарула Фазу ГIалиевалъул гIадаб поэзия хъвазе. Гьениб пикруги асарги, гIакълуги ракIги цадахъ хIалтIулеб буго.*

Анатолий ИВАНОВ, хъвадарухъан

*Фазуца дихъе ритIун рачIана цIиял ункъмохъилал ва микьмохъилал асаразул подстрочникал. Шедевралилан гурони абизе рагIи гьечIо! Гьанже дун вуго Аллагьасда гьарделев, гьел асаразулъ бугеб гIакъиллъи гIурусалде буссинабулаго бащдабгIаги цIунизе кумек гьабеян.*

Яков СЕРПИН, шагIир, таржамачи

*Пагьму-гьунараздалъун бечедаб Дагъистаналъул адабияталда мустахIикъаб бакI ккола Фазу ГIалиевалъул романаз. Дагъистаналъул гуреб, дунялалъулго адабияталда лъугьа-бахъинлъун ккола Фазу ГIалиевалъул поэзияги прозаги. Гьелъие нугIлъи гьабула гьел асарал дунялалъул гIемерал мацIазде руссинариялъ.*

Олег ДОБРОВОЛЬСКИЙ, хъвадарухъан, критик

*Миилион руччабазда гьоркьой дида Фазу йихьун йикIарайаниги, дица абизе букIана гьадай гIадан шагIир йигилан ва гьелъул рекIелъ лъугьунеб бугеб щинаб гьелъул беразулъ цIализе бегьулилан.*

Василий ФЕДОРОВ, шагIир

**Женщина Дагестана**
**5/2022**
**На аварском языке**
**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Дата выхода в свет 23.09.2022.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0711. Тираж (3231) 753 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
I – портрет Ф. Алиевой. Художник Г. Пшеницына; II – портрет Ф. Алиевой. Художник Т. Кагиров; IV – портрет Ф. Алиевой. Художник Х. Курбанов.
В номере использованы фотоматериалы из архива редакции.



# ДугIа

*(поэмаялдаса кесек)*

Аллагь, дуда гьарула,
Гьаб кинабго данде кьан,
Дуца щибаб ракI цIуне,
Шалай-хъублъиялдаса.
Дуца щибаб черх цIуне,
Чороклъи гъорлъ течIого,
Дуца щибаб рукъ цIуне,
Рекъелалъул канлъи кьун.
Киналго гIадамазе,
ГIамал кье рокьи жубан,
Гьоркьоб борохь хъурщизе,
БакI гьечIеб гьудуллъи кьун.
Пикрабиги, къасдалги,
Къалъун роцIарал гьаре,
РоцIеналъулъ накIкI гьечIел,
РакIазулъ пири лъечIел.
Рагьул цIа къине гьабе,
КъабихIлъи хIатIикь мерхьун,
Ракьалда бакIлъун бугеб,
Ярагь тIагIине гьабе.
Гьелъ гIужие росулел,
ГIадамал дуца цIуне,
ГIадамгIан къиматаб жо,
ГIумруялда щиб бугеб,
Свакан буго эбел-ракь,
Угьди бахьичIониги,
Сайгъат гьабе сихIкьотIи,
Сабураб гIодобиччай.
Биччанте гIазу базе,
Бидул тIанкI тIад лъолареб,
Лъарал гвангьун роцIарал,
РацIцIалъигун чвахизе.
Биччанте гIурччинаб их,
Хер-тIегь ризаб букIине,
Ризал тIугьдулъ хIайранго,
ХIанчIаца бусен лъезе.
Бусен бихизабулеб,
Рихха-хочи ккечIого,
Куркьбал цIорорал тIанчIи,
ТIавапалде рахъине.
Риидал цIад-бакъ рекъон,
Баракат гьарзалъизе,
Баракатаб хазина,
Хаслихъе бакIаризе.
Аллагь, дуда гьарула,
Дир дугIа къабул гьабун,
Дунялалъе рекъел кье,
Рагьул цIаял свинаре.
Мекъи ккарал битIараб,
Нухде раче, БетIергьан,
ГьитIинал-кIудиязе,
КIалгIалъун рагье дунял.
Дуде гъураб ракI буго,
Дуда чIвараб мугь буго,
Аллагь, цIуне Дагьистан,
Аллагь, цIуне Россия!



ИНДЕКС ПМ803

6+

Цена свободная



4 651116 280082